А. Қудияров, А. Матжанов

# ҚУБЛА АРАЛ БОЙЛАРЫ ОЯНЫЎ ДӘЎИРИНДЕ






ӨЗБЕКИСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА
АРНАЎЛЫ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРЛИГИ

БЕРДАҚ АТЫНДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК
УНИВЕРСИТЕТИ

**«Өзбекистан ҳәм Қарақалпақстан тарийхы» кафедрасы**

**А. Қудияров, А. Матжанов**

# ҚУБЛА АРАЛ БОЙЛАРЫ ОЯНЫЎ ДӘЎИРИНДЕ

НӨКИС
«БИЛИМ»
2016

УОК 821.512.121-1
КБК 5 Қар
И-20

**А.Қудияров., А.Матжанов. Қубла Арал бойлары ояныў дәўиринде** (оқыу қолланба). Нөкис, «Билим» баспасы. 2016-жыл, 76 бет.

**УОК 821.512.121-1**
**КБК 5 Қар**
**И-20**

Қарақалпақстан тарийхы бойынша таярланған бул оқыў қолланба Қубла Арал бойларының ояныу дәўириндеги илим ҳәм мәденияттын рауажланыуында Уллы Жипек жолының әҳмийети, тынышлық ҳәм турақлылык илим ҳәм мәденияттың рауажланыўынын гиреўи екенлиги баянланады. Қубла Арал бойы данышпанларының дүньялық илим ҳәм мәденияттың рауажланыуына қосқан үлеслери ҳаққында, уллы бабаларымыздың руухый мийрасларынан Берунийдин өмири ҳәм мийнетлери, Ҳәким ата – Сулайман Бақырғаний туўралы, Кердерий ҳәм басқа да жерлеслеримиздиң ояныў дәуириндеги хызметлери тууралы сөз етиледи.

Қолланбадан студентлер, магистрантлар, изертлеушилер, илимий хызметкерлер ҳәм усы тарау бойынша қызығыушылар пайдаланыўына болады.

Пикир билдириўшилер:

**Ж. Ҳәкимниязов** — тарийх илимлериниң кандидаты, доц.
**М. Қарлыбаев** — тарийх илимлеринин кандидаты

Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети илимий-методиқалық кенеси мәжилисинин 2-декабрь 2015-жыл 3-санлы баянламасы менен тастыйықланды.

**© А. Қудияров, А. Матжанов 2016.**

ISBN 978-9943-4432-4-2
**© «Билим» баспасы, 2016.**

# КИРИСИЎ

Ғәрезсизликке ерискен республикамыз миллий мәдениятының тезлик пенен раўажланыўы, оның тийкарғы дереги болған мәдений мийрасымызды илимий тийкарда үйрениўимизди көрсетип бермекте. Узақ өтмишке ийе Қубла Арал бойы халыклары өзиниң басынан түрли ўақыяларды, көтерилислерди ҳәм ҳәлсиреў дәўирлерин кеширген. Сонын ишинде, илим ҳәм мәдениятымыздын раўажланыўында IX — XII, XIV — XV әсирлер үлкен роль ойнады. Бул дәуир Орта Азия халықлары менен бирге Қубла Арал бойы халықларын да дүнья мәдениятында белгили қылды. Себеби, Қубла Арал бойы халыклары-ның бул дәўирдеги илим-мәденият тарауындағы жаңалықлары дүнья мәденияты рауажланыўының ажыралмас көпирин қурады.

Бул дәуир Орта Азия мәденияты шығыстаныўшылық илиминде көплеген алымлар тәрепинен үйренилген. Бул дәуир Орта Азия мәденияты тарийхында «Ояныў дәўири» деп аталды. Бирақ бул дәўир мәдениятының жүдә көп тәреплери, машқалалары өз изертлеўшилерин күтпекте. Соңғы жыллары жәмийетимиздин жаңаланыўлары себепли усы дәўир тарийхына болған қызығыўшылық өсип бармақта. Бирақ, бул тарау бойынша елеге шекем, Орта Азия халыклары мәденияты тарийхы бойынша кен оқыўшылар жәмәәтине мөлшерленген сабақлық, оқыў қолланбалар еле де жеткиликсиз.[1]

Сонлықтан да Президентимиз И.А.Каримов «Усы бийбаҳа илимий мийрасты жәнe де терең изертлеу ҳәм ғалабаластырыўға қаратылған күш салыўларға жаңа түртки бериу, Шығыстың уллы илимпазлары тәрепинен ашылған жаңалықлар ҳәзирги заман илими ҳәм раўажланыўы ушын қаншелли зәрүр екенлигин ашып бериўдиң әҳмийети де соншелли зәрүр деп есаплайман»[2] — деп көрсеткен еди. Дүнья тән алған рауажланыуларға Қарақалпақстан аймағы ҳәм усы аймақта жасаған инсанлар да бийбаҳа үлесин қосқанлығы тарийхтан мәлим.

[1] **Хайруллаев М.М.** Ўрта Осиёда илк уйғониш даври маданияти. Т. 1994, 8-б.

[2] **Каримов И.** Ўзбекистон эришган ютуқ ва марралар – биз танлаган ислоҳотлар йўлининг тасдиғидир. Т. 2014, 22-жилд. 277-б.

Ата-бабаларымыздың мың жыллар даўамында дөреткен мийраслары халкымыз ушын қудиретли руухый азық болып хызмет еткен. Олардың арасынан илим де өз халқынын шамшырағы болып, халқын дүньяға таныткан инсанлар болғанлығы кеўлимизде мақтаныш сезимлерин пайда етип, бизлерге калдырған мийрасларына қызығыўшылық пенен қараўымызға түртки болады. Олардың қатарында Әбиу Наср ибн Ирақ, Әбиу Райхан әл Беруний, сондай-ақ әл Кердерий аты менен бес данышпан белгили болыўы менен бирге тағы басқа да көплеген ойшыллар жетилисип шыққан. Олардың жәҳән цивилизациясының раўажланыўына қоскан мийраслары пүткил дүньяға мәлим. Олардың қатарында орта әсир мусылман дүньясында атлары кеңнен мәлим болған Султан Уайс әл Гарани, Әбиу Бакир Аш Шиблий, Сулайман Бақырғаний, Сулайман Хаддадий Мусевий, Әбиў Абдуллах ан Нарынжаний, Сейд ата сыяқлы ислам дининиң ири ўәкиллеринин қәбирлеринин үлкемизде жайласыуының өзи үлкен мақтаныш болып есапланады. Республикамыз илимпазлары бул туўралы бирқанша илимий мийнетлер дөреткенлигиниң гуўасымыз. Ояныў дәуириниң уллы инсанларының бири жерлесимиз Беруний ҳаққында илимий мийнет жазған тарийхшы М.Тилеумуратов 1973-жылы «Берунийдиң тарийхый мийраслары» деген китабын шығарған. Устаз тарийхшынын көрсетиўинше, адамзат тарийхында ен уллы илим ийелеринин бири, бизин ўатанласымыз Әбиў Райхан әл Беруний болып есапланады. Берунийдин тарийхый мийраслары, пикир-ойлары бойынша тарийх илиминде еле жумыслар аз. Историографияда ол кең көлемде изертлеўди талап етеди[1] — деген автордың пикирлериниң жазылғанына да ярым әсирге шамалас уақыт өтти. Соннан берлиде көплеген илимий хәм әдебий мийнетлер дөретилди. Усы дәўир инсанлары ҳаққында көркем шығарма дөреткен Оразақ Бекбаўловтың 1977-жылы баспадан шыққан «Беруний» романы орта әсир жулдызларының бири, жерлесимиз Әбиу Райхан әл Берунийдин өмири, заманласлары ҳәм оның илимий дөретпелери туўралы қызықлы ўақыяларды өз ишине алады, оқыўшыны атақлы алымнын уллы әрманлары менен ушырастырады.

Беруний ҳаққында профессор Б.Әбдиқамалов 1998-жылы «Әл Берунийдин өмири ҳәм мийнетлери» атамасында университет студентлери ушың оқыў қолланбасын шығарған еди.

---

[1] **Тилеўмуратов М.** Берунийдиң тарийхый мийраслары. Н. 1973, 3-б.

Усы дәўирдеги тарийхый тулғалардың бири ҳаққында белгили илимпаз, әдебиятшы Қ.Байниязовтың 1997-жылғы «Ҳәким ата – Сулайман Бакырғаний – бизиң уллы жерлесимиз» китапшасында, халқымыздың руухый дүньясында өшпес из қалдырған бабамыз тууралы сөз етиледи. Әсиресе, 2002-жылы Сулайман Бақырғанийдың тууылғанына 880 жыл толыуына байланыслы Қоңырат қаласында «Сулайман Бакырғаний ҳәм оның дәуири» атамасында өткерилген Республикалык илимий-теориялық конференцияның өткерилиўи, ондағы каралған материаллар сол дәўирди ҳәм уллы инсаннын хызметлерин үйрениўшилер ушын үлкен әҳмийетке ийе болды. Қоныратлы Жапақ Шамуратовтың «Әмиўдәрья» журналының 2008-жылғы санларында жәриялаған «Ҳәким ата-Хожа Сулайман Бақырғаний» мақаласы да усы инсан ҳаккындағы мағлыўматларды үйрениуде әҳмийетке ийе.

Белгили әдебиятшы Камал Мәмбетовтың 1993-жылғы «Шығыс әдебияты тарийхы» қолланбасы да сол дәўир тарийхын үйрениўде баҳалы дерек болып есапланады. Ал, тарийхшылар Ғ.Хожаниязов ҳәм О.Юсуповлардың 1994-жылғы «Қарақалпақстандағы мухаддес орынлар» естелик китабында тарийхый ҳәм мәдений естеликлердин ажыралмас бөлеги болған руухый мийрасымызға бағышланған. Мийнетте Қаракалпақстан аймағындағы орта әсирлерге тийисли әўлийе, қойымшылықлар, мақбаралар, теберик орынлар ҳаққында дереклер берилген. Тарийхымызда өткен уламалар ҳаққында сөз етиледи. Үлкемиздеги бурынғы мешит-медиреселер ҳаққында толығырак мағлыўматлар келтирилген.

Қубла Арал бойларында ояныу дәўири тарийхын үйрениуде Хорезм Мамун академиясының 1000 жыллығына бағышланған университетимизде 2006-жылы өткерилген республикалық илимий әнжуман материаллары баҳалы болып есапланады. Конференцияға республикамыздын көрнекли илимпазларынан баслап, илимге енди қәдем қойып атырған жас излениушилер де белсене қатнасқанлығын көремиз.

Бул руўхый мийраслар ғәрезсизлигимизди беккемлеўде миллий мәдениятымыздың дүнья жүзилик цивилизация дәрежесинде раўажланыўына кең мүмкиншиликлер ашып береди. Сонлықтанда, руўхыйлықты беккемлеў ушын хызмет ететуғын ояныў дәўириндеги уллы бабаларымыздың шығармаларын ҳәр тәреплеме үйрениў ҳәм халыққа жеткерип бериўимиз миллий мәдениятымыздын мақтаны-

шы. Халқымыздың ҳақыйқый тарийхын билиу елимиздиң хәрбир пуқарасынын, әсиресе өсип киятырған жас әуладтын келешекте өзинин тууры жолын таңлап алыыуына ҳәм бүгинги күни жасап атырған тыныш-татыў хәм абадан турмысымыздың қәдирине жетиўине жәрдем береди.

Президентимиздиң атап көрсеткениндей «Кешеги тарийх биз ушын түрмыс мектеби. Оған қарап сабақ аламыз, жуўмақ шығарамыз, қелешек жолын белгилеймиз. Тарийхтан ибрат алып жасау, тарийх ҳақыйқатларын билиў инсанға күш береди, оны турмыс ҳақыйқаты менен қураллаңдырады. Тарийхымыз - питпес-таусылмас ғәзийне, биз ушын шексиз мақтаныш дереги»[1] — деп атап көрсеткен еди.

Әлбетте, хәр қандай исте мәлим дәрежеде кемшиликлер ушырасыўы мүмкин. Сонлықтан да оқыў қолланба менен қызығыўшы оқыўшылар, кәсиплеслеримиз тәрепинен кемшиликлер билдирилсе, өз гезегинде бизлер оларға миннетдаршылығымызды билдирип, көрсетилген кемшиликлерди алдағы ўақытлары сапластырып барыўға ҳәм буннан былай да еле де жетилистирип, толықтырып барыуға жәрдем береди деген үмитгемиз.

---

[1] **Каримов И.** Она юртимиз бахту иқболи ва буюк келажаги йулида хизмат қилиш — энг олий саодатдир. Т. 2015. 112, 116-бб.

# 1-БАП. ҚУБЛА АРАЛ БОЙЛАРЫ ОЯНЫЎ ДӘЎИРИНДЕ

## 1. Илим ҳәм мәдениляттың рауажланыуында Уллы Жипек жолының әҳмийети

Адамзат жәмийети пайда болғанлы берли оның рауажланыу барысы ҳеш ўақытта байланысларсыз болмаған. Адамлар, руу жәмәәтлери, қәўимлер, елатлар, халықлар ҳәм оларды аймақлық, экономикалық ҳәм сиясий бирлестирген мәмлекетлер арасында мудамы байланыслар болған ҳәм усы байланыслар себепли жоллар пайда болған. Биз әййемги дәўир тарийхымызға нәзер тасласақ, адамзат жәмийетиниң бронза дәўиринен берли гейпара орынларда оннан да бурын, белгили қәнигелескен жоллар пайда болғанлығын билемиз. Олардың пайда болыуында қәўимлер, халықлар ҳәм мәмлекетлер аралық байланыслардан келип шыққан экономикалық, этникалық, сиясий ҳәм мәдений зәрүрликлер себеп болды. Тарийхта бизиң эрамызға шекемги VI-IV әсирлерде Иран ахаменийлериниң салтанатлы дәўиринде оның аймағы бойлап «шах жолы» қурылғанлығы белгили. Бирақ оған шекем Орта ҳәм Жақын Шығыста Бадақшан лазуритине болған зәрүрлик «лазурит жолынын» жүзеге келиўине алып келди. Бадақшанның ляпис-лазурити Месопотамия ҳәм Египет патшаларының сарайларын, зыяратханаларды безеўде, ҳаяллардың ҳәр түрли безеклерин ислеуде кең қолланылған. Мине усындай әййемги жоллардың бири, Батыс пенен Шығысты бир неше мың жыллар дауамында бир-бири менен байланыстырып келген «Жипек жолы» еди. Бул жоллар арқалы тек ғана товарлар емес, ал идеология, техника ҳәм мәденият, илимниң жетискенликлериниң жаңалығы ҳаққындағы хабарлар да жеткизилген.

Президентимиз И.Каримов: «Бизиң эрамызга шекемги II әсирден эрамыздың XVI әсирине шекем ески халықаралық транспорт артериясы уазыйпасын атқарып, Қытай, Ҳиндистан ҳәм Орайлық Азия, Орта ҳәм Жақын Шығыс, Жер орта теңизи регионы сыяқлы аймақ ҳәм еллерди байланыстырып келген Уллы Жипек жолының үлкен, теңи-тайы жоқ ролин баҳалаўдың өзи

кыйын. Усы жол тек жоқарыда атап өтилген аймақлар арасындағы сауда-сатық байланысларын ғана емес, ал континентлер хәм мәмлекетлер арасында мәлимлеме алмасыўын тәмийинлеуге де хызмет етти, жана технология ҳәм исленбелердиң (жипек, фарфор буйымлар, порох, қағаз ҳәм басқа да көплеген өнимлер) тез тарқалыуында, аўыл хожалығы егинлери ҳәм агротехнологиялардың, сондай-ақ, мәдений қәдириятлардың рауажланыўында әҳмийетли қурал уазыйпасын атқарды ҳәм соның менен бирге, цивилизациялараралық байланыс ҳәм технологиялар алмасыуы ушын шараятлар жаратты.

Бул дәуирлерде түрли еллердин халықларының илимий билим ҳәм табыслар менен бир-бирин байытып барыуы айырықша роль ойнады. Уллы Жипек жолы арқалы Европаға, Европадан болса Азияға Шығыс ҳәм Батыс әлеминдеги уллы илимпаз ҳәм ойшыллардын жумысы ҳаққындағы мағлыуматлар жеткерилди. Сократ, Платон, Аристотель, Птоломей ҳәм әййемги дәўирдеги басқа да уллы илимпазлардын илимий шығармалары, идея ҳәм ашқан жаналықларын үйрениу ушын әмелий имканият жүзеге келди»[1] — деп көрсеткен еди.

1937-жылдан баслап республикамызда илимий-изертлеў жумысларын алып барған Хорезм археология-этнографиялық экспедициясы батыс пенен шығысты байланыстырып келген «Уллы Жипек жолы» үлкемиз арқалы өткенин дәлийллеп берди. Уллы еки дәрья аралығындағы Орта Азияның Египети атанған Қарақалпақстан жери жәҳән мәдениятынын әййемги орайларының бири болып есапланады. Қарақалпақстан жеринде әййемги дәуирлерге тийисли тарийх ҳәм мәдeният естеликлери оғада көп. Бул өтмиш тарийхымызға тийисли естеликлеримизди әййемги дәўирлерден баслап XVI әсирге шекемгилерин археологлар илимий жақтан изертлеу жүргизиу арқалы өзлериниң илимий мийнетлеринде үлкемиздин жер жүзилик цивилизация орайларынын бири екенлигин көрсетип береди. Усы аймақта буннан еки ярым мың жыл бурын илим, билим, мәдeният орайларына айланған ири-ири калаларға тийкар салынады. Олардан Базар қала, Қойқырылған кала, Миздахқан, Топырақ қала, Айбүйир кала, Жанбас қала, Ақшахан

[1] **Каримов И.** Ўзбекистон эришган ютуқ ва марралар – биз танлаган ислоҳотлар йулининг тасдиғидир. Т. 2014, 22-жилд. 277-б.

кала, Дәукескен қала, Аяз кала сыяклы бирнешше онлаған қалалар өзлериниң әскерий қорғанлар, сарайлар ҳәм олардан табылған әжайып ҳәйкеллер, ренли бояулар менен салынған дөретпелер, сондай-ақ архивлик дереклер менен әлле қашан жәҳән мәдениятының алтын қорынан орын алған.

Өзбекистан Республикасы Президенти И.А.Каримов тарийхтың әхмийетине жоқары баҳа берип: «Тарийхты билмеген, тарийхты умыткан, тарийхтан жуўмак шығармаған ҳәр қандай инсан, ҳәр қандай халық өз жолынан адасыуы, жол қойған қәтелерди және тәкирарлаўы мүмкин. Тарийх үйретеди, тарийх ескертеди. Усы пайытта тарийх бизге тууры жолды таңлаўда мәсләхәт береди. Буннан алдыңғы заманларда қандай ўакыялар болғанын, олардан қандай жуўмақлар шығарып, қайсы қәтелерди тәкирарламаў кереклигин, қайсы жолдан алдынға барыў лазымлығын ким үйретеди? Әлбетте, тарийх үйретеди. Дүньяда бундай өткир ҳәм тәсиршен басқа бирде күш бар ма? Мениңше, жоқ.[1]» — деп көрсеткен еди.

Ал соңғы жылларда Республикамызда жүргизилип атырған тарийхый-археологиялық изертлеўлер нәтийжесинде үлкемиздин әййемги дәуирден баслап-ақ ҳәр тәреплеме раўажланғанлығын дәлиллеўши илимий мағлыўматлар пайда болмақта. Сунь династиясы ўәкили Чжи Дао басқарған ўақыттағы бронза тенге Миздахқанда табылған. Арал бойы қалаларының Жипек жолы менен саўда қатнаслары нәтийжесинде орта әсирлерде бул жерлерден экспорт, импортқа 40 тан аслам өним түрлеринин шығарылғанлығы жазба археологиялық дереклер менен тастыйықланады. Солардын қатарында саўда байланыслары ҳәм усыған байланыслы қонсы аймақлар менен байланыстырған жоллардың пайда болыўы халықтың турмысының өсиўинде үлкен әҳмийетке ийе болған. Шығыс пенен Батысты байланыстырған Уллы Жипек жолында халқымыз арасынан шыққан саўдагерлер пидайылық пенен хызмет атқарған. Халықлар арасындағы карым-қатнас тек ғана саўда ҳәм елшилик қатнастан ибарат болмай, ал халқымызды мәдений ҳәм руўхый жақтан раўажландырыўшы болып та хызмет атқарады. Сонлықтан да бүгинги күни Уллы Жипек жолы өткен жолларды изертлеўге, сол

[1] Каримов И. Ўзбек халкига тинчлик ва омонлик керак. – Т. 2013. 9—10-б

тийкарда елимизди еле де раўажландырыуға әҳмийет берилмекте. Даньшпанлар айтып кеткениндей «қайсы мәмлекеттиң алымы ҳәм саўдагерлери көп болса. сол ел-журт бай болады» дейди.

X-XII әсирлерге келип Орта Азия алдыңғы социаллық ойшыллардың Шығыстағы ири орайларының бирине айланды. Орта Азия Европаны Азия менен байланыстырыўшы ири материаллық, мәдений ҳәм саўда орайына айланды. Бул процесслер бир-биринен мыңлап шақырым узақлықтағы мәмлекетлер, халықлар ортасындағы экономикалық катнасықларды қәлиплестирди. Бул дәуирде пүткил дүньяға танылған әл Фарғаний, әл Хорезмий, Фарабий, Беруний, ибн Сина, Юсуп Хас Ҳажиб, Низам-ул-мулк ҳәм басқа да көплеген ойшыллар жасап дәретиушилик қылды. Олардың шығармаларында экономикалық пикирлер әз сәулелениуин тапқан. Себеби, Европа менен Азиядағы товарларға болған талап ҳәм усынысты жақсы билмей турып, узақ ҳәм қәўипли жолға шығыў, үлкен кәрўанларды таў-таслардан, қум шөллерден алып әтиу аңсат емес еди. Бунын ушын мәлим қағыйдаларға, әмеллерге таяныл ис кәриу керек болды. Европаға қанша ҳәм қайсы товарларды алып барыў, ол жерден не алып қайтыў, кәрўан жолындағы мәмлекетлер, халықлардың талап-мүтәжлигин жақсы билиў талап етилген. Ақыбетинде түрли билим тараулары раўажланды.

Шығыстағы ең үлкен жол «Жипек жолы» Түркстан арқалы каракалпақлар үстинен өткен. Бул кәруан жолларын тәриплеген тарийхшылар саўдагерлердиң телетин мукабалы қалың китапларды да көплеп сатқанлығы ҳаққында айтады. Ерте дәўирдеги шығыс шайырлары, соның ишинде орта әсирдеги парсы ҳәм түрк тиллес халықлар поэзиясы каракалпак классиклериниң ҳәммесиниң де устазлары болып есапланған.

Бул тарийхта Шығыс ояныў дәуири депте аталады. Дүньяның көпшилик данышпан шайырлары бул талантлы сөз усталарының шеберлигин ҳүрмет пенен тилге алады. Егерде қарақалпақ мектеп-медреселеринде усы данышпан шайырлардың шығармаларының сабақлық сыпатында оқытылыуын есапқа алсақ, олардың устазлық жолының тереңлиги жәнe де айқынланып барады.[1]

Саўда мәдениятының раўажланыўына кәрўан жолларда саудагерлер менен оның хызметкерлери дем алып, түнейтуғын

---

[1] **Мәмбетов К.** Шығыс әдебияты тарийхы. Н. 1993, 7-8-бб.

миймaнхана кәрўан-сарайлар салыныўы да тәсир еткен. 1973—1981-жылларда Нөкисли археологлар тәрепинен Үстирттен баслап Волга бойына дейинги аралықта хәр бир 30-40 км (бир күнлик кәрўан, көш жолы) аралықтан салынған кәрўан сарайлардын Қарақалпақстанға киретуғын бөлеги изертленди.

Усы дәўирдеги саўда жолларының әхмийети ҳаққында илимпазларымыздың жазыўынша, Хорезм оазисинен Едил бойларына баратуғын ески саўда жолы тек IX-XI әсирлерде пайдаланылып қоймастан хәм ол соңғы XII- XIV әсирлерде де кең пайдаланылған. Үстирт кенислиги арқалы өтетуғын кәруан жолы жақсы үскенеленеди. Жолдың бойларында, белгили аралықлардан тастан, пискен гербишлерден өрилген қудықлар, арнаўлы жабық суў сақлағышлар, кәрўан сарайлар, саудагерлер, елшилер, жолаушылар хәм саяхатшылар дем алатуғын жайлар салынады. Саўда жоллары арқалы почта байланыслары да алып барылады.[1]

Үстирт тегислигинде, кәрўан жоллары бойында Үшқудык, Ажигелди, Қосбулақ, Белеўли хәм басқада кәрўан сарайлар жайласқан. Бул жағдайлар қаланың хәм усы аймақтың раўажланыўына хәр қыйлы мүмкиншиликлер жаратып берген. Нәтийжеде халықтың турмыс дәрежесиниң өсиўине, дүнья таныўының кеңейиўине мүмкиншилик туўылды.

Орта әсирлерде Кердер қалалары арқалы өткен саўда жолы қалалардың өсиуине жағдай туўғызды. Қала халқы тек хожалық буйымларын өндирип ғана қоймастан, әтирапындағы елатлар хәм көшпели қәўимлер менен экономикалық, мәдений байланыста болған. Қыят қаласынан шыққан гүзар кәрўан жоллары Миздахқан, Ларсан, Кердер, Күйик кала, Қорғанша арқалы, Аралдың шығыс жағалары менен Сырдәрьяны бойлап өтетуғын Уллы Жипек жолына тутасқан. Нәтийжеде Кердер ўәлаяты Ферғана, Бухара, Тараз, Отрар менен саўда байланысында болған. Миздахқаннан Тан империясы дәўириндеги Қытай тенге пулының табылыўы, сырт еллерден келген таў хрусталынан исленген моншақлардың ушырасыўы Кердер қалаларының халық-аралық саўда байланыста болғанын дәлийллейди. Мағлыўматларға қарағанда Кердер халқы тығыз жайласқан қала, дийқаншылықлары бар, онда көплеп қаракөл тери таярланады.[2]

---

[1] Мамбетуллаев М., Туребеков М., Юсупов О. Қарақалпақстан тарийхы. Н. 2010, 110-111-бб.

[2] Кунун Уз Олам. Т.2008, 22-б.

IX-XI әсирлерде Қубла Арал бойындағы Шорахан, Кердер, Миздахқан, Қыят өнерментшилиги ҳәм саудасы рауажланған калалар қатарына киреди. Усы дәуирдеги ири орайлардың бири Қыят болып, ол Әмиўдәрья жағалаўларынан Маўараннахрға баратуғын саўда жолларының бойында жайласкан. 1340-жылы Қыят арқалы Бухара тәрепке өткен ибн Баттута «Қыят дүньядағы ен сулыў қалалардың бири» деп жазады. Қыят қаласы кәрўан жоллары менен Хорезмди Бухара, Самарқанд қалалары ҳәм Сырдәрья бойы көшпели еллери менен байланыстырған. Жолдың бойларында қудықлар, кәрўан сарайлар, почта байланыслары ислеп турған. XII әсирге тийисли «Худуд ал алам» атлы шығарманың белгисиз авторынын тәрийплеўинше «Қыят — Хорезмнин бас қаласы, гузлар Түркистанына кирилетуғын дәрўаза, Түркистан, Маўараннахр ҳәм хазарлардың затларының сақланатуғын, саўдагерлер топланатуғын орын...». Макдисийдиң жазыуынша, оның дәуиринде Қыят қаласы Бухарадан үлкен болған сол дәуирдиң жүдә көп алымлары ҳәм данышпанлары усы жерде жасаған, айырым тәреплеринен Қыят ҳәтте Ирақтың ең ири мәдений орайларынан да үстин турған.[1]

Араб географы Макдисий Әмиўдәрьяның төменги ағымындағы жоллардың төмендеги бағдарларын келтирип өтеди: Миздахқан-Дарсан (2 почта бәндиргиси) –Кердер (1 күнлик жол), Жувиқан (2 почта бәндиргиси) –Баратегин ауылы (1 күнлик жол) – Көл (Арал теңизи) (1 күнлик жол). Археологиялық изертлеўлер Орта әсир жазба дереклеринде келтирилген халық жасайтуғын орынларды анықлаўда үлкен орын тутады. Изертлеўшилер Миздахқан Хожелиге, Дарсан Төк-қалаға, Кердер Ҳайуан калаға, Жувикан Моншақлы қалаға, Баратегин Қоныратқа тууры келетуғынлығын анықлаған. Әмиўдәрьяның төменги ағымында, Султан Ўайис таўынан Арал тенизине шекем болған жолда байланыс минаралары болғанлығы да әҳмийетли.[2]

Соның менен бирге Макдисий Бухарадан Хорезмге өтиуши жолда 7 рабат, 2 қала, Шорахан, Қыят қалаларын көрсетиў менен бирге 6 тоқтаў орнын еслетип өтеди. Қыят қаласы әхмийетли саўда-экономикалык ҳәм мәдений орай болып, аймақ арқалы өтиуши транзит саўда жоллары ҳәм ишки әхмийетке ийе жоллар усы қала арқалы өтип турған.

---

[1] **Жабборов И.** Буюк Хоразмшоҳлар давлати. Т. 1999, 111-112-бб.
[2] **Мавлонов Ў.** Марказий Осиёнинг қадимги йуллари. Т. 2008. 155-б.

Араб алымларының мағлыуматларына тийкарлансақ, әҳмийетли саўда жоллары кесиспесинде жайласқан Қыят қаласына көплеп Шығыс мәмлекетлеринен саудагерлер келип, саўда сатық ислери менен шуғылланыўшыларға исеним күшли болған. Маўараннахр, Хорасан, Журжания ҳәм арқадағы Булғарлар мәмлекети, славянлар журтына өтиўши ҳеш бир кәрўан, ҳәтте арқадан Маўараннахр ҳәм Хорасанға, ол жерден Ҳиндистанға, ҳәтте Қытайға өтиўши ҳеш қандай ири саўда кәрўаны Хорезмшахлар пайтахты Қыятта тоқтамай өтпеген. Бул қала Шығыс ҳәм Батыс, Арқа ҳәм Қубла мәмлекетлери саўдасында әҳмийетли көтере саўда орайы есапланған. Ҳәтте өзиниң көп жыллық саяхатлары дәўиринде ҳеш нәрсеге ҳайран қалмаўға үйренген араб саяхатшысы ҳәм географы Муқаддасий Қыятда болғанында бул қаланың ҳәм улыўма Хорезм қалаларынын саўда байланыслары көлемине тан қалғанын жазып қалдырған. Ишки ҳәм сыртқы саўда қурғақлықтағы жоллар ҳәм суў жоллары бойлап Әмиўдәрья ҳәм онын каналлары арқалы жүргизилген.

Муқаддасийдин мағлыўмат бериўинше, Қыят қаласында дәрья кемелери қурылатуғын ҳәм ремонтланатуғын тийқарғы орай есапланған.[1]

Орта әсирлерде аймақтағы ири дәрьяларда кемелер ҳәм қайықлардан, тийкарынан, экономикалық – саўда байланысларында, өткеллерден жолаўшыларды ҳәм ҳәр қыйлы өнимлерди өткерип турыўда пайдаланылған.

Кемелер ҳәм қайықлардан тек суўда ҳәрекетлениў қуралы сыпатында ғана емес, соның менен бирге, үлкен дәрьялардан көп санлы армияны, атларды қурал-жарақлары менен өткериуде, уақытша көпирлер қурыўда да пайдаланылған. Қайықларды бир-бирине байлап көпир жасаў усылы әййемги дәўирлерден белгили болған.

Түслик Арал бойы қалалары арасында мәдениятлы раўажланған естеликлердиң бири – Миздахқан қаласы. Араб тарийхшысы әл Мақдисийдиң мағлыўматы бойынша Миздахқан қаласы он еки мыңнан аслам ауыллардың орайы болған. Онын үстинен өткен саўда кәрўанлары қала өнерментшилеринин баҳалы буйымларын алып кетип, бул жерге шет буйымларын алып келген. Миздахқан қаласының саўда байланыслары Ҳинд океанынан әкелинген қаўри

[1] **Мавлонов Ў., Махкамов Д.** Маданий алоқалар ва савдо йўллари. Т. 2004, [illegible]

бақаншақлары, коралл (маржан), Қытайдың саладон, фарфор ыдыслары, тийин, Иран яки Византиядан әкелинген қус, арыслан, сүуретлери бар, алтын сабақлы гезлемелер ҳәм де Алтын Орда ханлары Өзбек, Бердибек, Жәнибектин акша бирликлеринин табылыуы менен дәлилленеди. XIII XIV әсирлерде түслик Арал бойында қала мәдениятынын өсиўине қолайлы географиялық жайласыў да өз тәсирин тийгизди. Әмиудәрья бойларында жайласқан қалалар үстинен суу ҳәм қурғақлықтан саўда жоллары өтти. Олар елатларды Мауараннаҳр, Иран, Түслик Туркменстан менен тутастырып, ол жерлерден шебер усталарды өзине тартты. Оның үстине Түслик Арал бойы қалалары Алтын Орданын шығыс Европа қалалары тәризли көшпелилердиң шөл далаларында қурылған болмай, ал мәдений-экономикалық турмыс бурыннан орналасқан, отырықшы — егиншилик традициялары негизинде рауажланды.[1]

Белгили археолог Ғ. Хожаниязовтын жазыўынша Миздахканда жүргизилген археологиялық изертлеўлер даўамында илимде жумбақ болып киятырған белгисиз бир катар жана естеликлерди ашыуға ерисилди. Олар өз гезегинде естеликтин сыр-сандығын ашыўға жәрдемин тийгизди. Солардын катарында саўданың раўажланғанлығы ҳаққында дереклерди атап өтиўге болады. Бул жерлерде 1330-жылы араб географы ибн Баттутаның болғанлығы мәлим. Сондай-ақ, сол дәуирлерде шығарылған тенгелердиң имарат дөгерегинен табылғаны да мәлим. Ал, 1221-жылы Шыңғысхан армиясынын басқыншылык шабылыўы нәтийжесинде Миздахқан қаласы карабаханаларға айландырылып, оның әжайып қурылыслары ўайран болады. Лекин, сол жаўгершиликтин тәсиринен үзилиске түскен халық аралық саўда жолы көп узамай қайта тикленип, Миздахқан арқалы Иран, Индия, Қытай мәмлекетлерининң, араб еллеринин кәрўанлары өте баслайды. Мине, усы уақытлары саўда жолынын әҳмийетли буўынында жайласқан Миздахқан да жана Антакия қаласы бина болыў менен бирге бурынғы бир қатар жәмийетлик орынлар, мешит-медреселер қайта тикленеди ҳәм пайдаланыўға бериледи. Оның мәдений қатламларынан табылған 1345—1346, 1370—1371, 1373—1374-жыллары шығарылған теңгелер отыз жылға шамалас хызмет еткенлигин көрсетеди.[2]

---

[1] **Қыдырниязов М.Ш.** Алтын Орда дәўириндеги Түслик Арал бойы мәденияты. Н. 1993. 29, 31-бб.

[2] **Хожаниязов Ғ.** Назлымхан сулыў// «Арал қызлары» № 2, 1991-жыл, 10-б.

Усы дәуирлерде Рус пенен болған саўда байланыслары үлкен әҳмийетке ийе болған. Бул жерге келген рус саўдагерлери үлкемиздеги басқа да саудa орайлары менен бир қатарда Миздақхан қаласы базарларында болып өзлерине керек болған өнимлерди сатып алған ҳәм өз өнимлерин сатыўға ҳәрекет қылған. Үлкемизде болған көплеген илимпазлардын илимий изертлеў жумысларынын жуўмақлары бойынша үлкемиз аймағы арқалы қонсы аймақларды байланыстырыуцы кәрўан жоллары өткен. Усы жоллар бойында кәрўан сарайлар, елатлы пунктлер пайда болған.

Қарақалпақстан аймағы арқалы өткен Жипек жолы тарийхында кәрўан сарайлардың хызметлери үлкен болған. Үлкемизге киятырған шет еллилердиң саўда кәруанлары, олар менен бирге шыққан саяхатшы алымлар ҳәм басқа да жолаўшылардың қөпшилиги усы жерден өткен. Олардың иркилип өтиўлери ушын, жол бойындағы аўыл менен қалалардың аралығында, ҳәр бир күнлик аралықта кәрўан сарайлар қурылған. Қарақалпақстан аймағындағы кәрўан сарайлардың қөпшилиги, әсиресе Орайлық Үстирттеги кәрўан сарайлар археолог Манылов тәрепинен изертленип, онда Үстирттеги кәрўан сарайлар хаққындағы дәслепки әдебиятлардағы мағлыўматлар П.И.Рычқовтан баслап кейинги дәўирлердеги саяхатшылар, илимпазлар хәм экспедиция ағзаларының илимий мийнетлеринде көплеген мағлыўматлар ушырасатуғынын атап өтеди. Илимпаз бул мақаласында Шурык, Белеўли, Қосбулақ, Үшкудық кәрўан сарайлары ҳәм олардың салыныуы, олардан табылған затлар, әтирапы, олардың сүўретлерин бериў менен толық мағлыўмат бериўге ҳәрекет еткенлигин көремиз.[1] Бул кәрўан сарайларда, Миздахкан ҳәм Күйик қалаларда алып барылған археологиялық изертлеулер барысында табылған теңгелерге қарағанда, Қытай, Византия ҳәм тағы басқа мәмлекетлерден саўдагерлер иркилип өткенлиги мәлим.

Усындай кәруан сарайлар Қыят қаласы менен Үстирт орталығында да болған. Олардың айырымлары Назархан аймағында жақын жылларға шеқем сақланып келген. Халық аралық саўда жолларды бойлап, кәрўан сарайлардан басқа, байланыс хызметин өткерген динлер — минаралар қурылған. Динлер, бир-биринен анық көринистуғын, сол аймақғағы ен бийик орынларға орнатылып, олар арқалы мәмлекетлик әҳмийетке ийе хабарлар тез жеткерилген. Бундай хабарлар, күндиз арнаўлы қойылған атлар жәрдеминде, ал түнде болса оттың жәрдеминде берилген. Динлер, бийик жерлерде

салынғанлықтан, кәруанларға алыстан көринип, жол көрсетиўши маяк хызметин атқарған. Султан Уайис баба қәдемжайы менен Үстиртке шекемги қыска бөлегиндеги Султан Уайис баба дини, Қызыл қала, Қояншық дини, Әбиу Муслим қала, Хожакөл дини, Шылпық, Егизтөбе, Жегимтөбе, Акпорлы төбе (пор кәни), Бестөбе, Қаратөбе, Назархан дини, Кусхана диңи кусаған естеликлер анықланған.[1]

Ғәрезсизлик жылларындағы изертлеулер бизин үлкемиз үстинен өткен саўда жолын бойлап жайласқан хабар бериуши минараларына анықлық киргизди ҳәм олардың Аяз қала, Бурлы қала, Султан баба, Қояншық, Хожакөл, Назархан, Кусхана (Нөкис), Әзлер баба, Қырантаў, Порлытаў минаралары арқалы Баратегин қаласынан (Қоныраṭ) Үстиртке шығып кеткенлигин көрсетти. Хабар бериў минаралары Әмиудәрьяны бойлап өткен халық аралық суу ҳәм қурғақ жолын бақлап отырған.

Күйик қаладан табылған Византия материаллары менен Тахтакөпирден табылған 200 шамасындағы Сасаний (Иран) тенгелери ерте орта әсирлерден Шығысқа қарай саўда жолынын өткенлигин көрсетеди.[2]

Белгили Қытай саяхатшысы Чжан Цянь мағлыуматларынан мәлим болыуынша «Әмиўдәрья бойлап саўда-сатық пенен шуғылланатуғын адамлар жасайды. Олар қурғақлық ҳәм суў арқалы өз өнимлерин бир неше мың лиге шекем (ҳәзирги 1 ли 579 метр, әййемги ҳәм орта әсирлерде 1 ли 350 метрге жақын болған) болған узақлыққа жеткерип береди» деп жазған. Онық жазыўынша Маўараннаҳр ҳәм Хорезм халқы саўда-сатық ислерин жүдә кең көлемде алып барған.

Соңғы ўақытларда үлкемиз аймағынан табылған илимий жаңалықлар қатарына Тахтакөпир ғәзийнеси жатады. Тахтакөпир қаласы дөгерегинен табылған бул ғәзийне тийкарынан ҳәр бирипде еки жүз шамасында теңгелер бар еки гүзеден турады. Илимпазлардың изертлеўинше, олардың V әсирдиң ақыры VI әсирдиң басларындағы Хорезм ҳүкимдарлары тәрепинен жоқары сападағы гүмистен қуйылғанлығын анықлаған.

[1] **Хожаниязов Ғ., Оразымбетов Ж.** Назархан. Н. 2006. 16-б.

[2] **Хожаниязов Ғ.** Ғәрезсизлик жылларындағы археология илиминдеги ашылыўлар // Қарақалпақстанның ең жаңа тарийхының әҳмийетли машқалалары Н. 2014. 4-б

Тахтакөпир ғәзийнеси елимиздиң V—VII әсирлердеги сиясий, экономикалық хәм мәдений тарийхынан, басқа еллер менен байланысларын анықлаўда бийбаха материал болып есапланады. Сондай-ақ, халық аралық саўда жолларынын үлкемиздиң арқа районлары арқалы өткен тармаклары хаққында еле де толығырақ сөз жүритиўге мүмкиншилик береди. Анығырақ айтқанда бурыннан белгили болып келген үлкемизге қубладан келетуғын Қытай-Самарқанд-Бухара жолы менен қатар, онын шығыстан Сырдәрья тәрептен де болғанлығы мәлим болды.

Бул өз гезегинде сол дәўирлерде усы жол бойлап аўыл-қалалардың болғанлығын көрсетеди хәм алдағы ўақытлары олар бойынша хәр тәреплеме изертлеулер жүргизиўди талап етеди. Хәзирше, усы жол бойында, хәр қыйлы дәўирлерге тийисли болыуына қарамастан, шығыстан батысқа қарай төмендеги естеликлердиң мәлим екенлигин атап өтиуимиз керек. Барақтам, Тақ минар. Қос минар, Жаман қала, Қорғанша (Қобланның каласы), Ақ жағыс (Айдос қала), (Тахтакөпир), Сейит несип минары, Мурат шайх минары, Қырық жигиттиң қаласы, Үлкен хәм киши Бағдад (Қараөзек), Шахтемир, Төк қала, Қыран қала (Нөкис районы), Миздаққан – Хожели. X—XI әсирлерде Шорахан, Қыят калалары арқалы Қубладан келген кәрўанлардың Кердер калаларына шекем жеткенлиги араб-парсы авторлары мийнетлеринен белгили. Оған Төк қаладан Самарканд, Чаганиан ҳүкимдарларының, эфталийлерден Хусрау теңгелери, аббасийлердин фельеси, болмаса Миздахканнан табылған Қытайдын Сун салтанатынын ўәкили император Тан Цзунның 976—997-жыллар аралығында шығарған тенгеси, Күйик қаладан табылған Византия императоры Тиберий III Апсимараның 698—705-жылы шығарған алтын теңгеси мысал бола алады.[1]

Белгили тарийхшы-этнограф Х.Есбергеновтың изертлеўинше, Қоңырат қаласы сиясий, экономикалық ҳәм мәдений жақтан Қубла Арал бойлары тарийхында үлкен из қалдырған ески қалалардың бири. Себеби Қоңырат қаласының географиялық жайласыўы жағынан қарақалпақлардын саўда-экономикалық әҳмийетли орынларынын бири сыпатында белгили.

---

[1] Хошниязов Ғ. Тахтакөпир ғәзийнеси// Арал қызлары №1—2 2003, 35—37 б.

Россия, Арқа Кавказ, Түслик Уралдың Хорезм, Бухара, Самарқанд ҳәм тағы басқа жерлер менен сиясий-экономикалық, сауда ҳәм мәдений байланыслары Қоңырат қаласы аймағы арқалы өткен. Өз гезегинде Қоңырат қаласының саудагерлери өзлеринин мал-мүлкин Гөне Үргениш, Хийуа, батыста Түслик Урал, Волга бойы қалалары хәм Нижний Новгород қалаларына шекем апарып саудасатық қылған. Үстирттеги көшпели ҳалықлар саўда-сатық жумысларын Қоңыратта жүргизген. Қонырат қаласы ертеден бери Орта Азия халықларының Кавказ, Шығыс, Европа еллери менен қарым-қатнасы ушын батыс аркадағы дәрўазасы болған. Қоңырат қаласы әтираптағы елатлар менен суу. қурғақлықтағы жоллар менен байланысып саўда, мәдений орайға айланған. Олардан алынған өнимлер ишки ҳәм сыртқы базарларға шығарылып отырған. Сондай-ақ Орта Азиядағы базарларға, Қазақстан далаларындағы Волга бойларындағы халықлардын ўәкиллери келип турған. Олардын дәслепки келген базары Қоңырат қаласы болып есапланған. Өз нәубетинде Қонырат қаласынын өнерментлери, саўдагерлери Россия еллерине әсиресе Қубла Урал, Волга бойы қалаларына барып сауда-сатық ислеген.

Қоңырат қаласынын әтирапындағы халықлардың Россия халықлары менен де сауда-сатлық, мәдений, сиясий байланыслары ерте дәўирден-ақ басланған. Я.В.Ханықовтың көрсетиўинше Әмиўдәрья жағасынан Россияға баратуғын саўда жоллары орта әсирден-ақ пайда болған. Бәриненде бурын Әмиўдәрья менен Сырдәрья аралығында орналасқан қалалардан усы дәуирге тийисли тийинлер табылған.

Қарақалпақстан жеринен Уллы Жипек жолынын өткенин тастыйықлаў мақсетинде 1989, 1991-жыллары Республикамыз арқалы БМШнын ЮНЕСКО шөлқеми тәрепинен шөлқемлестирилген, дүньяның 24 мәмлекетиниң уәкиллеринен қуралған экспедиция усы жолдан өтти. Олар Аяз қала, Жанбас қала, Топырақ қала, Миздахқан сықлы әжайып естелиқ орынларын барып көрди. Халқымыздың миллий мәденияты, үрп-әдет дәстүрлери менен танысып, бақсы-жыраўларын тыңлады.[1]

Шымбай қаласы Әмиўдәрьяның он жағасында жасаўшы барлық халықлардын хожалық турмысындағы тийкарғы орайы. Шымбай қаласынын хәр тәреплеме рауажланыуының себеби бул жерде ески

---

[1] Есбергенов Х. Қоңырат тарийхый хәм мәдений естеликлер Н. 1993, 21-б

жоллардың бири — Кесе жол болған. Ол жол арқада Қазақстан, Россия тағы баска жерлер менен Шымбай қаласының саўда ислерин байланыстырған. Сондай-ақ, Шымбай қаласы суў жоллары арқалы әтираптағы халықлар менен ҳәр тәреплеме тығыз байланыс жасаған. Изертлеўши Х.Есбергеновтың жазыўынша XVI әсирден басланған сауда жолы Шымбайды арқа тәрептен Қазақстан далалары ҳәм усы арқалы Россия менен байланыстырады. Ал, кублада отырықшы халықлар менен байланысты. Бул жоллар Қаратерең-Тахтакөпир-Шойыншы аўыл-Айымбет ийшан-Торғай терек-Бийик мешит-Назар ахун баба-Зайыр-Арал тенизи менен байланысты.[1]

Усы жоллардын кесиспесинде жайласқан Хорезм саўда байланысында Арал әтирапы менен Шығыс Европаны байланыстырыўшы «Дәрўаза» ретинде хызмет атқарған.

Сонлықтан да Президентимиз «Жол өткен жерде рауажланыў, өсиў болады. Адамлар ушын зәрүр инфраструктура қәлиплеседи. Жол барған жерге өмир барады: Қонырат ҳәм Елабад аралығында 40 километрлик аймаққа тиришилик енеди. Әййемги Уллы Жипек жолы өткен ески Қонырат қаласы заманагөй тийқарда абад болады»[2] — деген еди.

Әйййемги ҳәм орта әсирлерде үлкемиз арқалы өткен саўда жоллары мәдений байланыслар жолы сыпатында да белгили болған. Саўда жоллары бойында жайласкан қалалар, кәрўан сарайлар мәдений орайлары сыпатында танылған. Усы жол қатнасларын үйрениў арқалы Қубла Арал бойлары әййемги ҳәм орта әсирлерде экономикалық-мәдений байланыслар орайларының биринде жайласқанлығын көрсетип берди. Үлкемиз арқалы өткен жоллар, жол бойындағы жайласкан кала ҳәм аўыллар, хызмет көрсетиўши ҳәр түрли қурылыслар, саўда ҳәм өнерментшилиқ, сол дәўирдеги халқымыздың социаллық-экономикалық ҳәм мәдений турмысын үйрениўде баҳалы мағлыумат болып есапланады. Усы дәўирдеги жолларды ҳәм байланысларды үйрениў үлкемиз тарийхында әҳмийетли орын тутқан тарийхый-мәдений процесслерди анықластырыўда, үлкемиздиң жәҳән цивилизациясы раўажланыўында өзине

---

[1] **Есбергенов Х.** Шахтемир — предшественник города Чимбая.// Тезисы докладов научно-практической конференции «Шахтемир-Чимбай». Н. 1995. 19-б.

[2] Улкан салохият ва истиқболимиз кузгиси Президент Ислам Каримовнинг Қўнғирот сода заводи мехнаткашлари билан учрашув шоғидаги нутки// Том 15. Т. 2007. 260-б.

зәрүр», — деген еди. XIII әсирде жасаған сириялы тарийхшы ҳәм тәўип Христиан Иоанн Бар Эбрей (1226-1286) Берунийге мынадай баҳа береди: «усы өткен жылларда грек ҳәм хинд философиясы теңизин кешип өткен Әбиу Райхан Мухаммед ибн Ахмед әл Беруний өтмиш илимлеринде абыройға еристи. Ол математика илимлеринде қәниге болып, бул тараўда бир қатар әҳмийетли китаплар дөретти. Ҳиндистанға барып, ол жерде бир неше жыл жасады, хинд философларынан олардың көркем-өнерин үйренди ҳәм оларға грек философиясын үйретти. Оның шығармалары жүдә көп, жетик ҳәм жүдә исенимли. Бир сөз бенен айтқанда, өз дәўиринде, оннан соң ҳәм ҳәзирге шекем кәсиплеслери арасында астрономия илиминде бундай билимли ҳәм бул илимниң тийкарын ҳәм нәзик тәреплерин терең билетуғын алым болмаған»[1].

Сол дәўирдеги тарийхшы Байхақи тарийх туўралы бир шығармасын жазыў үстинде Берунийдин китабы жөнинде мынадай баҳа береди. «Мен бул мийнетти жазыўда өз көзим менен көргенимди ямаса жүдә исенимли адамлардан еситкенимди келтирдим. Жақында мен устаз Әбиў Райханның қолынан шыққан бир китапты оқыдым. Бул адамға заманында билимпазлық, математика менен философияны меңгериў жөнинен тең келетуғын алым болмаған, ол ҳешнәрсени тийкарсыз жазбаған».

«Беруний» романының авторы Оразақ Бекбаўловтың көрсетиўинше «Берун» сөзи — араб тилинде қаладан шеттеги «аўыл» дегенди аңлатады. Сондай-ақ, әййемги Хорезмлилер тилинде бул сөз «Берун» формасы менен «тас қуйы» мәнисин де аңлатқан. Биз уллы илимпаздың туўылған жери сыпатында әййемги Хорезм халқы тилиндеги мәнисин қолландық.[2]

Әл Берунийдиң заманласларының ҳәм кейинги изертлеўшилердиң пикирлерине қарағанда әл Беруний исми «қала сыртынан келген адам» деген мәнини билдиреди. Ал, Хорезмге монғол татарлары шабыўылынан бурынырақ келген белгили географ Якут өзиниң «Биогрфиялық сөзлиги» мийнетинде Хорезмликлерде «беруни» сөзиниң өз ўатанын таслап кеткен адамды билдиретуғынлығын жазған. Тарийхый дереклер болса алымның Хорезмди үш мәртебе таслап кетиуге мәжбүр болғанлығын көрсетеди.[3]

---

[1] Маънавият юлдузлари. Т. 2002, 109-б.
[2] **Бекбаулов О.** Беруний. Н. 1977. 13-б.
[3] **Әбдикамалов Б.** Әл Берунийдиң өмири ҳәм мийнетлери. Н. 1998, 3-б.

Беруний ҳаққында Хорезмли илимпазлардың жазыуынша оның исми Мухаммед, атасының исми Ахмед, Беруний болса онын лақабы болып «Берун» қала сыртындағы мәнисин аңлатқан. Әбиў Райхан — «Райханлы киси», оның лақабы. Әбиу Райхан сөзи арабшада «мәрхаматлы», «мийримли» мәнислерин аңлатады.[1]

Орта әсирлерде жасаған Яқут Мары каласының мешитлеринин бириндеги ҳүжжетлердиң ишинде Берунийдиң 60 беттен ибарат илимий мийнетлеринин дизимин көргенлигин жазады. XIX әсирдиң орталарында Иракта дүзилген ҳүжжетлерде оның 27 илимий мийнетиниң дизими сақланған. Алымлар үйин дүзиў зәрүрлигин Хорезмшах Мамун түсинип, Беруний менен сөйлескенинде «Илим бул ең ҳүрметли тараў, оған ҳәмме талабан, илим ҳәммесинен жоқары ҳәм оннан жоқары ҳеш нәрсе жоқ» деп айтқан.

Беруний ҳаққындағы ен толық тәрийиплеуди белгили немис шығыстаныўшысы Карл Эдуард Захау берген: «Дүньяда таўлар көп, бирақ олар арасында соншелли жоқары бир шың бар, оны инсаният ҳеш қашан ийелей алмайды. Бул — Беруний» деп жазған болса, ал американы илим тарийхшысы Сартон XI-әсирди «Беруний әсири» деп тәрийиплейди.

Берунийдин илимдеги орнына Президентимиз де жүдә жоқары баха берип, уллы энциклопедист алым Әбиў Райҳан Берунийдин илимий данышпанлығы менен ашылған теңи-тайы жоқ жаңалықларға толық баха бериўдиң өзи қыйын. Берунийдиң 150 ден аслам илимий жумысларынан бизге шекем тек 31 жетип келгенине карамастан, илимпаздың қолжазбаларының мине усы толық болмаған үлгилери де онын қаншелли көп қырлы мийрас калдырғанынан дәрек береди. Беруний дүнья илиминде биринщилерден болып теңизлер теориясы ҳәм Жердин глобусын жаратыў бойынша өзине тон жана идеяларды усынды, Жер радиусын есаплап шықты, вакуум, яғный бослық жағдайын түсиндирип берди, Колумбтын саяхатынан 500 жыл бурын Тынығ ҳәм Атлантика океанларынын артында материк бар екенлиги ҳаққындағы пикирди алға сүрди, минераллар классификациясы ҳәм олардың пайда болыў теориясын ислеп шықты, геодезия пәнине тийкар салды. Сонын ушын да XI әсир

---

[1] **Садуллаев А.**, Сотликов А. Хоразм Маъмун Академиясининг тарихий иллилари. Урганч 2003, 58-б.

пүткил дүньядағы тәбийғый пәнлердин тарийхшылары тәрепинен «Беруний әсири» деп аталыуы бийкардан емес.[1]

Әл Хорезмий ҳәм әл Берунийлер дөреткен дүнья илиминин рауажланыўына жақсы тәсир еткен шығармалар бул тараулар бойынша өзине тән илимий мектебин шөлкемлестирилгенлигин айрықша атап өтиу лазым. Әбиу Райхан Беруний усы мектептиң ең жаркын көрнеклиси болып ғана қоймастан, Үргениште «Байт ул-ҳикма» аты менен белгили болған илим орайы Мамун академиясының шөлкемлестириўшиси деп танылған. Онын дөретиушилигинде Хорезм илими ең жоқары шоққыға шыққан. Беруний тымсалында Шығыстың уллы алымы, астрономы, географы, минерологы, этнографы, тарийхшысы ҳәм шайыры жәмленген. Дүнья илим әлеминиң ең уллы ғайраткерлери арасында Берунийға тең келетуғын алымды тауыўға урынып, оны екинши Эротосфен, Птолемей ҳәм ҳәттеки Ренессанс дәўириниң уллы художниги ҳәм алымы Леонардо до Винчи деп атаған. Негизинде, Сергей Павлович Толстов әдил түрде атап өткениндей, Беруний екинши Леонардо до Винчи емес, керисинше Леонардо до Винчиди биринши Шығыс Ренессансы жаратқан жарқын илим жулдызы екинши Беруний деў логикаға мууапык болар еди.[2]

Беруний тек бир халықтын илимпазы болып калмай, ол Орта Азия халықларының илимпазы, қала берсе жәхән халықларының илимпазы болып есапланады. Себеби, ол дүнья жүзилик илим алдында хызмет етти. Ол бир халықтың илими ҳәм мәденияты менен шекленип қалмаған, жәҳәнде жүдә сийрек ушырасатуғын илимпазлар катарынан орын алды. Оның илимий мийрасы инсаниyяттың бийбаҳа байлығы сыпатында ҳәзирги заман илиминиң рауажланыуына хызмет етип келмекте.

[1] **Каримов И.** Ўзбекистон эришган ютуқ ва марралар – биз танлаган ислоҳотлар йўлининг тасдиғидир. Т. 2014, 22-жилд. 283-б.

[1] **Жабборов И.** Буюк хоразмшоҳлар давлати. Т. 1999, 115-б; Толстов С.П. По следам древнехорезмийской цивилизации, М-Л, 1948, 268-б.

## ӘЛ БЕРУНИЙ ДҮНЬЯ АЛЫМЛАРЫ НӘЗЕРИНДЕ

- «Орта әсир ҳәм жаңа дәўир авторларынан ҳеш бири де Ҳинд мәдениятының қыйын мәселелерин терең илимий руўҳта түсиниўде Абу Райхан Муҳаммед Беруний ерискен жетискенликлерге ерисе алмады».

*Ҳамид Раза (XX әсир)*
*Ҳинд алымы*

- «Беруний ерте орта әсир алымларының уллысыдур. Әййемги Шығыстың ең раўажланған мәдениятынан бири болған Хорезм мәдениятының мың жыллық тарийҳы онда жәмленген»

*С.П.Толстов, рус шығыстаныўшы*
*алымы, археолог*

- «Бул инсан (Беруний) сәубети шийрин, мүләйим, кеңпейилли, заман илим ҳәм ақылға оған тең келетуғын баска адамды көрмеди»

*Якум ал-Ҳамавий (XIII әсир)*
*араб саяхатшысы, географ*

- «Бул адам (Беруний) илим-билимде, әдеп-икрамлықта, затлардың мәнисин анықлауда, философия ҳәм геометрияда соншелли билимдан еди, онын заманында оған тең келе алатуғындай ҳеш ким жоқ еди»

*Абу-Фазыл Байҳақий (XI әсир)*
*Ғазнауийлер тарийхшысы*

- «Шығыс ҳәм Батыстың әййемги ҳәм Орта әсирлердеги пүткил илимий әдебиятында буған тең келетуғын шығарма жоқ»

*В.Р. Розен (XX әсир) рус алымы,*
*«Ҳиндстан» шығармасы ҳаққында*

- «Беруний уллы ақыл ийеси ҳәм де толмас мийнетсүйгиш, өз дәуириндеги илимнин дерлик барлық тараўы бойынша қәлем тербеткен илим ийеси болған».

*И.Ю. Крачковский (XX әсир)*
*рус шығыстаныўшы алымы*

- «Ол араб әдебияты океанында бирден бир атаўдур. Ҳиндтаныўшылықта Берунийге тең келетуғын адамды алдыңғы дәуирлерде де, соңғы ўақытларда да өткенин билмеймиз»

*Э.Захау (ХХ әсир) немис шығыстаныўшы алымы*

- «Минераллар салыстырмалы ауырлығын дәслепки анық өлшеу, сөзсиз Берунийдиң жүдә үлкен хызметидур».

*Г.Г. Леммлейн (ХХ әсир) рус алымы*

- «Дүнья илиминиң тарийхында XI әсирдиң биринши ярымын «Беруний дәуири» деп атаў мүмкин».

*Г.Ж. Сартон (XIX әсир) Америка алымы.*

- «Беруний геология ҳәм минерология илимлериниң теоретиги ҳәм тийкарщысы».

*Ҳ.А. Абдуллаев (ХХ әсир) өзбек алымы, академик.*[1]

**Берунийдиң ҳикметли сөзлери**

- Данышпан ҳәм алымлардан тәлим алыў жақсы қулықты пайда етеди, жаманлықты жоқ етеди.
- Кишкене нәрсеге итибарсыз қарама, онын пайдалы орны бар, үлкен керекли жери де бар.
- Билимсиз адамлардың кеўли жауызлыққа бейимлеседи.
- Тил сөйлеўши нийетин тынлаўшыға жеткерип бериўши аудармашы.
- Жақсылық — бәрше адамларға жақсылық ислеўден ибарат.
- Теңлик ҳүким сүрген жерде өткинши сезимлер, ғам-қайғы болмайды.
- Жаманлықтың түрлери көп болса, олардың тийкары дәмегөйлик, ғәзеп ҳәм илимсизлик есапланады.

---

[1] **Садуллаев А., Сотликов А.** Хоразм Маъмун Академиясининг тарихий илдизлари. Урганч-2003, 74-76-бб.

- Билимиң сондай нәрсе, ол жалаңаш болғанында да өзинде қалады, оны жууынырға киргенинде де суў да жоқ ете алмайды.

- Билим тәкирарлаў мийўеси.

- Ҳәр бир инсаннын қәдир-қымбаты өз жумысын қайыл қылып орынлауында.

- Қайыр-сақаўат ислеген адамның миннети оның ислеген ислерин жоққа шығарады.

- Өтирикшилик адамды әдалаттан уаз кештиреди.

- Адамлар билими себепли жақсылыққа ериседи. Олар илим ҳәм өнери себепли жаўызлыктан қутылады. Соның өзи ең уллы пайда, ен уллы байлық емес пе?

- Сөз, тил жәрдеминде ҳәмме нәрсеге ериссе болады.

- Инсаннын тийкарғы миннети ҳәм уазыйпасы мийнет ислеў, қәлеген нәрсеге мийнет ислеў арқалы ерисиўге болады.

- Тил адамлар ортасындағы байланыс ҳәм пикир алмасыў қуралы ғана емес, ал тил илими барлық илимлердин тийкарын үйрениўши гилт.

- Билимсиз адамлардың кеўли жаўызлыққа бейим болады.

- Саўатсыз адамлардың сезилетуғын ҳәм көрилетуғын нәрсеге қызығыўы, ҳәр бир дәуир ҳәм ҳәр бир орында азшылықты қураған алымлар ақыллары жететуғын нәрседен олардын ғәзеплениуи тәбийий.

- Адам өз мийнет ҳәм машақатлар жолында, ҳәтте ол инсанлар-дың ең ақыллысы ҳәм ең зийреги болса да, ҳәмийше қуўанышлы болыуды нийет қылады, бахыт келтиретуғын нәрселерге бейим болады ҳәм жалған көринетуғын нәрселерден тартынады.

- Илим дәргайына кирер екенсең, қәлбиң адамды аздырыўшы иллетлерден, адамды көрмес етиўши жағдайлардан, сондай-ақ қатып қалған үрп-әдетлерден, душпанлықтан, жаўызлық қулы болыўдан, өз ҳәкимлиги ушын гүресиўден азат болмағы дәркар.

- Илимлердиң пайдасы олар жәрдеминде алтын ҳәм гүмислерге ийе болыу емес, ал, олар себепли керекли нәрселерге ерисиў.

## 2.2 Ҳәким ата – Сулайман Бақырғаний бизин уллы жерлесимиз

Ата бабаларымыз ерте дәуирлерден-ақ келешек әўладтын тәрбиясына үлкен жууапкершилик пенен қараған, себеби бул олар алдындағы, туўған жер, халқымыздын келешеги алдындағы қарыз ҳәм парыз деп түсиңилген. Сонлықтан да келешек әўладқа келип шығыў тарийхын, ата-тегин үйретип барған. Өз гезегинде жасларда ата-анасына деген, туўылған жерине, ўатанына деген сүйиспеншиликти, мақтаныш туйғыларын қәлиплестирген. Соның ушын да халқымызда «жети атанды бил» деген нәсият сөз сақланған. Себеби ата-бабасының басып өткен жолы, елимиз алдындағы ҳызмети, перзентинде мақтаныш туйғыларын ояткан. Бундай тәрбиялық мийрасты, ата-баба басып өткен бай тарийхымызды келешек әулад руухына синирип барған. Жазба дереклерге қарағанда Қубла Арал бойлары ҳәмме ўақытта илим менен шуғылланыўшы адамлардын ҳәм данышпанлардын жыйналатуғын ҳәм халық-аралық кәрўанлар тоқтайтуғын Орайлық Азияда ири аймақ болған. Кубла Арал бойларында билим алған көплеген илимпазлар Шығыс мусылман еллеринде оқытыўшылық, устазлық етип, шәкиртлер таярлаған. Олар сол дәўирлердиң цивилизациясына ылайықлы өзлеринин күши менен көплеген қалаларды, илим ҳәм мәдений орайларды, тереӊ ҳәм мазмунлы мәнәўий қәдириятларды жаратқанлықлары ҳаққында илим де көплеген мағлыўматлар топланған. Солардың қатарында Қоңырат аймағындағы Ҳәким ата деп аталатуғын муқаддес орын бар.

Орта әсирдеги сиясий турақлылық, экономикада алға илгерилеўшилик Қубла Арал бойы халықларының тығызласыў қубылысларын пайда етти. Х әсирдиң басларында Әмиўдәрья суўының шығыстан

батысқа қарай өзгериуи, ҳәзирги Шоманай, Қанлыкөл, Қоңырат районлары аймакларына суу барыўы нәтийжесинде калалар менен бирге қиши елатлы пунктлер пайда болды. Мине усындай орталықтан пүткил мусылман түркий дүньясына данқы шыққан Ҳәким ата Сулайман Бақырғаний жетилисип шықты. Руўҳый мәденияттың ири ўәкили XII әсирде жасаған Ҳәким ата Сулайман Бақырғаний илимпазлардың жазыуынша бизиң уллы жерлесимиз, даңышпан ойшыл ҳәм атақлы шайыр болған. Ҳақыйқатында да Ҳәким ата Сулайман Бақырғанийдиң ҳикметлери менен қосықлары инсанды сүйиуге, туўылған елге садық, әмирлик жолдасына ўападар болыўға, ҳадал мийнет етип, илим-өнерди үйрениуге ҳәм руўҳый жақтан кем-кемнен жетилисип барыуға тәрбиялайды. Оның кеуил ҳәм қолдың тазалығы, социаллық әдиллик, мийирим-шәпәәт, қайыр-сақауат, дослықты саклау, ҳужданның пәклигин, ең жақсы миллий ҳәм диний дәстүрлеримизди қәстерлеў ҳаққындағы ойлары бүгинги күнимиз ушын да оғада әҳмийетли.

Ҳәким ата ҳаққында башқур шығыстаныўшысы Заки Валидий Тоған 1920-жылдың гүз айларында Қоңыратқа келген ҳәм өзинин «Естеликлер» китабында төмендегише жазып қалдырған. «Қоңырат Хийўа ханлығының ўәлаят орайы, киши қала болыўына қарамастан Германияның Гамбург, Англияның Манчестер, Қытайдың Шанхай калалары сыяқлы картада аты бар қала. Араблардың географиялық картасында X әсирде бул қала Бақырған деп аталады. Ол ҳәзирги Қоңыраттың арқа-батысындағы ауыл. Бул жерде белгили улама Шайх Ҳәким ата — Бақырғаний мақбарасы бар. Ол бизге түркий тилде қосықлар жазып қалдырды. Оның дөретиушилиги бойынша бир қанша алымлар Россияда, Түркияда илимий — изертлеу ислерин алып бармақта. 1857-жылы Ҳәким атаның «Бақырған китабы» ең биринши мәрте Қазанда басылды. Кишкене пайтымда оның қосықларын оқыдым ҳәм ядлап алдым. Бақырғанда бир саат тоқтағанымыздан пайдаланып, Шайхтың қәбирин зыярат қылдым».[1]

Алым Х.Есбергеновтың изертлеулери бойынша XII әсирде суфизмниң үлкен уәкиллеринин бири, Ҳәким ата, Қоңырат қаласының арқа-батыс әтирапына, Ақбаслы каналының жағасына қоныс басады. Бул жерде ҳәўлилер, базар, мешит-медреселер болған.

---

[1] **Шамуродов Ж.** Ҳаким ота — хожа Сулаймон Боқирғоний. Н. 2002. 3-4-бб.

Шейитлик қоныслығы, Қәлендерхана жанындағы мешит-медресе дәслепки орынларынан есапланады. Шейитлик қоныслығы орта әсирлерге туура келиуи керек. Х-ХII әсирлерде Қоңырат каласынан 8-10 км қублада Жиңишке ал 15-20 км батыста Қазыбай ахун қорғаны, 32 км арқа қашықлықта Ҳәким ата қорғанлары орналасқан. Ҳәким ата Сулайман Бақырғаний түрк шайхы болып, XII әсирде Арал әтирапындағы суфизмниң ең ири ўәкиллериниң бири деп көрсетеди. Ҳәким ата Қарақалпақстан Республикасы ҳәзирги Қоңырат районының аймағындағы Боғрахан қаласында 1122-жылы туўылған. Ол 1186-жылы қайтыс болып Боғрахан қаласының арқа тәрепинде жерленген. Оның қойымшылығы ҳәзирге шекем Арал бойларындағы белгили сыйыныу орынларының бири болып есапланады.[1]

Белгили әдебиятшы К.Мәмбетовтың жазыўынша, Сулайман Бақырғаний XII әсирдеги суфийлық тәлийматтың көрнекли ўәкиллериниң бири болған. Алымлар Сулайман Бақырғанийдиң пайғамбар жасында қайтыс болғанлығын шамалайды. Шынында да Сулайман Бақырғаний Хожа Ахмет Яссауийден кейинги суфизм ағымының ең көрнекли ўәкили болып «Ҳәким ата» деген ат пенен пүткил Орта Азияда мәлим болған данышпанлардың бири. Өзи талантлы шайыр ҳәм шайық болған. Оның шығармалары Орта Азияда қаншама белгили болыўына қарамастан суфий шайыр болғаны ушын соңғы дәўирлерде үйренилмей келинген еди. 1990-жылдан баслап оның шығармаларына қайтадан дыққат аўдарыла баслады. Сулайман Бақырғаний шығармалары келешек әўладлар тәрепинен үйрениўге турарлық данышпан шайырлардың бири.[2]

Ал, Қ.Байниязовтың жазыўынша, академик В.В.Бартольд «Ҳәким атаның ўатаны ҳаққындағы мәселеге» ҳәм «Ҳәким ата» деген илимий мийнетлеринде ҳәр қыйлы әпсаналарды араб, парсы ҳәм түркий тиллердеги баспа ҳәм қолжазба дәреклерге салыстырып изерлеп, төмендегише жуўмақлаўшы пикирди усынған еди: «Ҳәким ата, Хорезмнен шыққан түркий тилде сөйлейтуғын әўлийе, 562 (1166 — 1167) жылы қайтыс болған Ахмед Яссаўийдин шәкирти. Онын ҳақыйқат аты Сулайман Бақырғаний. Сондай-ақ, оны

---

[1] **Есбергенов Х.Е.** Ўәким ата// «Сулайман Бақырғаний ҳәм оның дәўири» Республикалық ИТК материаллары. Н. 2002. 19-б.

[2] **Мәмбетов К.** Шығыс әдебияты тарийхы. Н. 1993, 100-б.

Сулайман ата ямаса Ҳәким ата деп те атайды. Бақырған деген жер ҳәзирги Қоңырат қаласынан әдеўир төмениректе жайласқан: Сол жердеги Ҳәким атанын мазары ҳәзирги ўақытта да зыярат орны есапланады».[1]

Әпсаналарға қарағанда, ол өз дәуириниң билимданы, шайқы ҳәм данышпаны болып жетилиседи. Бир күни Ахмед Яссаўий Сулайманды алдына шақырып өзиндеги барлық билимди өзлестиргенин ендиги жағында шайықлық, пирлик хызметти баслаўы зәрүрлигин айтады. Ахмед Яссаўий ертеңине азанда есигиниң алдына келип шөккен түйеге минип бас жибин жиберип, түйе қай жерге барып шөксе сол жерге пирлик хызметти баслаўы мүмкиншилигин айтады. Расында да, Сулайман уйқыдан турып далаға шықса есигиниң алдында шөгип атырған түйени көреди. Сулайман пирден пәтия алып хошласып түйеге минеди. Түйе Түркстаннан Әмиўдәрьяның қуяр аяғына бет алып Хорезм ойпатына келеди. Қыят қаласының жанынан өтип еледе арқа таманға ҳәзирги Қоңырат районының аймағына шөгеди. Сулайман елсиз, мәкансыз жерге шөккен түйени турғызбақшы болып үш мәртебе ҳәрекет еткени менен турмай бақырады — деп келтириледи мағлыуматларда. Соған байланыслы Сулайман Бақырғаний лақабын алғаны айтылады. Баска илажы қалмаған Сулайман Бақырғаний усы жерге мәкан басып күн көрис қылады.[2]

Сулайман Бақырғаний хаққында Ғ.Хожаниязов ҳәм О.Юсуповлардың жазыўынша, Ҳәким ата жөнинде халық арасында ҳәр қыйлы аңыз әпсаналар сақланып келген, айырымлары XIX әсирде баспа сөз бетинде жәрияланған. Мине сол әпсаналардың биринде томендегише мағлыўматларды көриўге болады. Хожа Ахмед Яссаўий медресесин питкерген Тоқпақ ата, Зәнги ата, Қошқар ата қатарында Ҳәким атаны да Қубла Арал бойына жибереди. Атанын ҳәзирги қәбири жайласқан орын, сол дәслепки келген мәканы екен. Жолда қиятырып иркилген жеринде атаның түйесиниң бойдасы қалады. Ол жерди кейин ала халық «буйдалы» деп атайды. Ол ҳәзирги Шымбай районы «Тақжап» пуқаралар жыйыны аймағына киреди. Жазба дереклер менен аңыз әңгимелер Ҳәким ата қойымшылығының орнын аңық көрсетип береди. Ол Мойнақ районы аймағында

---

[1] **Байниязов К.** Ҳәким ата — Сулайман Бақырғаний бизиң уллы жерлесимиз. Н. 1997. 4-5-бб.

[1] **Абдиназимов Ш.** Буғрахан ким болған?// Устаз жолы. 19-февраль 2005-жыл.

жайласқан. Соңғы жылларда бул орында жүргизген бақлауларымыз қәбирдиң ерте дәуирлерден киятырған қәдемжай екенлигинен дерек беретуғын белгилердиң барлығын көрсетти. Ҳәким ата ҳәм оның қойымшылығы хаққында дереклер соңғы дәуирлерде де ушырасады. Мәселен XVII, XVIII, XIX әсирлердеги қарақалпақлардын жайласыуы хаққындағы жәрияланған илимий карталарда Ҳәким ата Қоңырат пенен Мойнақ аралығында ҳәзирги қойымшылық жайласқан орнында көрсетилген. 1842-жылы Қоныратқа келген рус елшиси Г.И.Данилевский өзиниң Ҳәким ата мазарында болғанлығын, оның қапталында бир неше кара үйли қарақалпақ хожалықлардың болғанлығын жазады.[1]

Академик С.Камаловтың жазыуынша, Ҳәким ата Сулайман Бақырғаний өзиниң «Бакырған китабы», «Бийби Марьям китабы», «Қыссаси Ибраҳим Ҳалил», «Ақырзаман китабы» ҳәм басқа да көплеген қосық ҳәм дәстанларындағы алға сүрген өзинин философиялық идеялары арқалы суфизм тәлийматының раўажланыўына үлкен үлес қосқан ҳәм оларды түркий ҳалықлар арасына кеннен тараткан. Онын шығармалары сол дәуирдиң өзинде-ақ Маўараннаҳр, Дешти Кыпшақ ҳәм Волга бойларына кеңнен таралған. Улыўма алғанда Ҳәким ата Сулайман Бакырғаний өз дәуириниң перзенти. Ол жасаған дәўир Кубла Арал бойында сиясий, экономикалық ҳәм мәдений қатнаслардың раўажланыўы, түркий тилде сөйлеўши халық арасында руўхый мәдениятқа болған талаптын күшейип, жаңа турмыслық идеяларға философиялық ҳөм диний тәлийматларға болған зәрүрликтиң күшейген дәўири. Сулайман Бақырғаний усы талап ҳәм зәрүрликлерди түсинген ҳәм оларға ҳызмет еткен, халықтың ҳүрметине миясар болған.[2]

Усы дәуирдеги Ҳәким атанын ағартыўшылық тәрбиялық ҳәрекетлери тек ғана Қоңырат әтирапларында емес, ал Шымбай әтирапларына да кең таралып халықтың руўхый мәдениятынын, турмысының өсиўине үлкен тәсир тийгизген. Усы дәўирдеги Шымбай әтирапындағы үлкен қалалардын бири Бағдат болып, ол IX-XIII әсирлерде Үргеништиң арқа тәрепиндеги ең үлкен

[1] Хожаниязов F., Юсупов О. Қарақалпақстандағы мухаддес орынлар Н. 1994 31-б.

[2] Камалов С.К. Сулайман Бақырғаний ҳәм оның дәўири//«Сулайман Бақырғаний ҳәм оның дәўири» Республикалық илимий-теориялық конференция материаллары. Нөкис-Қоңырат. 2002, 27, 29-бб.

қалалардың бири болған. Ол ҳаққында толық мағлыўматлардың бири 1349-жылы Сулайман Хаддадийдин уақым жери ҳаққындағы мағлыуматында келтирилген. Ол бойынша Миздахқан ҳәм Бағдат аралығындағы жерлерде көплеген каналлар болып, дийқаншылық рауажланып, ғәлле өндирилип, үлкен ауыллар пайда болған. Буннан басқа Қошкар ата, Ахун баба ҳәм тағы басқа естеликлер болып, бул жерлерден илимпазлар тәрепинен усы дәуирге тийисли керамика қалдықлары табылған. Булардын барлығы усы әтирaптағы хожалық турмысының тыныш даўам еткенлигинен дерек береди.[1]

Президентимиздиң сөзи менең айтқанда, «Өзиниң тарийхына, топлаңған тәжирийбеге, дүньяда ең үлкен байлық есапланған интеллектуаллық потенциалға терең ҳүрмет пенен қатнас жасау ҳәр қандай мәмлекеттиң материаллық ҳәм руўхый раўажланыўынын тийқарын курайды... Уллы испан жазыушысы Сервантестиң, тарийх — жумысымыздың ғәзийнеси, өтмиштиң гуўасы, бүгинги күн ушын үлги ҳәм үгит, келешек ушын болса хабарландырыў болып табылады... Маған, әсиресе «Келешек ушын хабарландырыу» деген пикир жүдә мақул болды. Не ушын? Неге дегенде, ҳақыйқатында да, тарийхты билмеген адам ҳәр қәдемде қәтеге жол қояды, өзинин тарийхы менен мақтанбайтуғын халық болса өзинин келешегин көз алдына келтире алмайды».[2]

## 2.3 Кердерий ҳәм басқа да инсанлардың ояныў дәуириндеги орны

Әмиудәрьяның төменги ағымында орта әсирлерде бир неше қалалар болып, олар ортасында сауда-экономикалық ҳәм мәдений байланыс болған. Атап айтқанда, X-XIII әсир басларында Әмиудәрьяның шеп тәрепи ҳәм оң тәрепи бир аймақ болып, өз-ара байланыста рауажланып барған. Усы дәуирде Әмиудәрьянын оң тәрепинде Кердер ийелиги болып, оның ҳәзирги Шымбай қаласы әтирапларындағы қалалары болған Қорғанша, Күйик қала, Бағдат қала ҳәм тағы басқа қалалары болып, бул жерде шаруа-

[1] **Кудияров А.** Ҳәким ата дәуириндеги Шымбай тарийхынан.// «Сулайман Бақырғаний ҳәм оның дәўири» республикалық ИТК материаллары. Нөкис-Қоңырат. 2002, 34-б.

[2] **Каримов И.** Ўзбекистон эришган ютуқ ва марралар — биз танлаган ислоҳотлар йўлининг тасдиғидир. Т. 2014, 22-жилд. 296-297-бб.

шылық, дийқаншылық. балықшылық, аңшылық хожалықтың баслы тараўы болған.

Қубла Арал бойларында әл Хорезмий, әл Беруний, аз-Замахшарий, Кердерий, Нажматдин Кубра, Сулайман Бақырғаний сыяқлы жер жүзилик мәденияттың раўажланыўына салмақлы үлес қосқан халкымыздын ҳасыл перзентлери көплеп дүньяға келген. Усы аймақларда илимнин, мәдениятгың раўажланғанлығы ҳаққында археологиялық мағлыўматлар ҳәм тарийхшылар, әдебиятшылар тәрепинен изертленип атырған тарийхый жазба шығармалар бахалы мағлыўматлар береди. Сондай-ақ материаллық мәденияты да раўажланған. Оларға көркем етип салынған архитектуралық қурылыслар минар, кәрўан сарайлар, гүлалшылық өнимлеринин үлгилеринде көринеди. Бул аймақта қаншадан-қанша уллы инсанлар дүньяға келип кетти. Олардың арасында жәҳән илимин, билимин, әдебиятын, мәдениятын ҳәм руўхый мийрасларын байытыўда айырықша орны бар тулғалар өсип жетилисти. Илимпазлардың изертлеўинше XII-XV-әсирлерде әл Кердерий аты менен бес данышпан белгили болып, олар Кердер ўәлаятынан шығып жасларға устазлық етиўде, мусылман әдептаныўы мәселесинде данышпан устазлар болған. Сондай-ақ, Кердерден табылған ҳәр түрли формадағы шийшеден өлшеў суйықлықларды сақлаў ушын исленген ыдыслар, қалада химиялық тәжирийбе өткергенин, шыпакерлик ислеринин жолға қойылғанынан дерек береди. Демек Кердер қаласы усы дәўирдеги белгили мәдений орайлардың бири болған.

Оларды бирме-бир айтып өтетуғын болсақ XII әсирде жасаған Абд ул-Ғафур бин Луқман бин Мухамед Әбиў Мафахир әл Кердерий, XIII әсирде жасаған Мухаммед бин Мухаммед бин Әбдисаттар-ал Имади әл Кердерий, XIV әсирде жасаған Мухаммед Мубарак Шах ибн Мухаммед Шайх әл Кердерий ҳәм Маҳмуд бин Әлий Шайых ас Сарай, Мунша уа әл Булғарий молла ўа әл Кердерий, XV әсирде жасаған Мухаммед Хафизаддин Мухаммед бин Шаҳаб әл Кердерий. Бул аты аталған бес данышпанның мийнеги, аты, уллы данышпан екенлиги енди ғана белгили болмақта.

Түркиядағы Стамбул мешити китапханасында Махмуд бин Әлий әл Кердерийдиң қол жазбасы сақланады. Бул алтын мийрасты изертлеген тюрколог З.У.Тоганның пикиринше әл Кердерий мийнети Хорезм елатынан алып келинген деп болжаған. Қазанлы юрист Б.А.Яфаров әл Кердерийдиң Ўатаны Қубла Арал бойындағы Кердер

каласы болған деп мойынлайды. Санкт-Петербург каласындағы бай китапханаларда «Нахш-ал-фарадистиң» үшинши нусқасы табылған, бул мийрасты тюрколог Э. Наджип изертлеген ҳәм әл Кердерийдиң шығармасы 1358-1359-жыллары Сарай Ал-Жадидте кайта көширилген, көп нусқасының бири деп жазды.

Әл Кердерий ҳәм онын дөретпелерин түркий тиллес халықлардың руухый ағартыушылық ҳәм әдебий мийрасы сыпатында, улыўма ортақ шығарма деп баҳалаў гуманитар илимдеги әҳмийетли ўазыйпа болып отыр.

Махмуд бин Әлий әл Кердерий мийрасы Арал бойы ҳәм Едил бойы халықларының руухый мийрасларының жыйнағы, бунда бир неше рәуиятлар, гүрриң ҳәм ҳәдислер топланған, оларды оқығанда каракалпак фольклорының ески жазба нусқасы бар екенине, уллы алым әл Кердерий жазып қалдырғанына мақтаныш сезиминде ҳәм оған терең ҳүрметте боламыз.

Әл Кердерий өзиниң дөретпелери менен руўхый-ағартыўшылыққа өз үлесин қосты. Әл Кердерий мийрасы төрт бөлим, қырық баптан қуралған. Бунда ислам мәдениятында Қураны Кәримнен кейинги Мухаммед пайғамбарымыздың ҳикметли сөзлери, араб мәмлекетиндеги дәслепки халифлер Әбиў Бәкир, Омар, Осман, Әлий ҳаққында, мусылман әдепнамасының ең жақсы үлгилери, мусылманлар нызамы баянланған. Өткендеги мусылман данышпанларынан алты мүхаддистиң ел-журтқа таралған исенимли ҳәдислеринен «Көшпели сюжетлер» орын алған, улыума Алтын Орда мәмлекетинде мусылман нызамына, Ҳәдис илимине толықтырыў, раўажландырыуда бул мийрастың орны айрықша екенлиги анық. Бул мийраста әл Кердерий тәрепинен өзинен бурынғы жигирма бестен артық мусылман алымлары, данышпанларынын алтын сөзлери, ҳәдислери жыйналып берилген еди. Бул мийрасты түркий тиллес мусылман халықларында кең таралған жақсылық ҳәм жаманлық ҳаққында ҳәдислер, үрп-әдетлер, тәлим-тәрбиядағы үгит-нәсиятлар орын алған. Түркий халықларында ең дәслеп анаға ҳүрмет етиу, сәлем бериу, қәстерлеў үрп-әдет, дәстүр болған. Әл Кердерий мийнетинде ата-ананы ҳүрметлеў, қәдирлеў хаққында жазылған.

Улыўма XIV әсирдеги данышпанларымыз Махмуд бин Әлий әл Кердерий ҳәм оның дөретпесин үйрениў, қәдирлеў ҳәм мақтаныш етиўимиз керек. Әл Кердерий мийраслары каракалпак әдебияты

ҳәм мәдениятын рауажландырыуда руўхый ағартыушылықта тәлим-тәрбия тарийхында өз орнын алыуы тийис.[1]

Кердерийлер ҳаққындағы дереклерде, Қубла Арал ҳәм Хорезм елиниң тәрепинде кердерийлер жасайды, олар 110 хижра (728 ж.) Араб басқыншыларына қарсы түркий қәўимлер менен қарсы гүрести. Кердерийлер Алтын Орда дәўиринде ҳәр жерде көшип жасады, олардың ири алымы Махмуд бин Әлий... әл Кердерий 758 ҳижра (1358—1359) Едил бойындағы Сарай ал-Жедид (Сарай Берке қаласы) те жасады. Бул жерде мусылман қалалардан данышпанлар, алымлар ҳәм шайырлар болды. Махмуд шайық ал Кердерий Жаңа Сарай қалада оқымыслы, устазлардың устазы еди. Ол Сарай ал-Жедид медресесинде мусылманлар тарийхы, нызамлары, хуқықлары, әдептаныў мәселеде сабак берди. Махмуд бин Әлий әл Кердерийдин «Нахж-ал-Фарадис» китабында 40 баптан ибарат мусылманлар әдепнамасы, жәмийетлик ойлар, социаллық талаплардан мағлыўматлар берилди.[2]

Ташкент ислам университетиниң изертлеўшиси Ҳ.Жураевтың мақаласында, XIX әсир авторы Абдулҳай Лакнавий (1264-1304/1847-1889) өзиниң «ал-Фаваид ал-баҳия фи таражим ал-ҳанафия» шығармасында кердерлик алымлардың өмир жоллары ҳәм илимий хызметлери ҳаққында қымбатлы мағлыуматлар қалдырған. Тарийхый дереклерде төмендеги кердерлик алымлар аты келтириледи: Тажуддин Абдулғаффар ибн Лукман ибн Муҳаммад Кердерий, Муҳаммад ибн Абдусаттар Кердерий, Муҳаммад Кердерий Баззазий, Абдураҳман ибн әл Кердерий, Абдусалам ибн Муҳаммад Кердерий Хоразмий, Хайдар Қадирий Кердерий, Сулайман Кердерий.

Төменде Кердер аты менен дөретиўшилик еткен айырым мусылман ҳуқықы илимий мийрасы менен танысамыз: «Шамсул аимма» («Имамлар қуяшы») аты менен белгили болған Абул Мафахир Тажуддин Абдулғаффар ибн Луқман ибн Муҳаммад Кердерий Хорезмде дүньяға келген. Ол Султан Нуруддин Муҳаммад Занкий дәуиринде Ҳалабтың қазысы болған ҳәм усы жерде 562/1166 жылы дүньядан өткен. Алымның «Абу Ҳанифа хабарлары ҳәм

---

[1] **Камалов Қ., Юсупов О.Ж.** Қарақалпақ халқының руўхый ағартыўшылығы ҳәм әдебиятында Ал Кердери мийрасы ҳәм орны.// «Қарақалпақстан жаслары» 8-апрель, 1999-жыл

[2] Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халықлары тарийхы бойынша дереклер. Н. 1995, 33-б.

сөзлеринин қоллап қууатланыуы» сыяқлы шығармалары мәлим. Әсиресе, «Ҳайрат ул-фуқаҳа» шығармасы қолдан қолға өтип жүрген. Онда тийкарынан мусулман хуқуқы мәселелери келтириледи.

«Шамсул аимма» аты менен даңқ шығарған Кердер алымларынын және бири – Муҳаммад ибн Муҳаммад ибн Абдусаттар Кердерий Бараткиний болып, ол 599/1203 жылда Кердерде дүньяға келген. Бул устазларынан ҳәдис ҳәм хуқықый билимлерди терең өзлестирген.

Муҳаммад ибн Абдусаттар Кердерий кейинги дәуирлерде Бухараға келип бир қатар атақлы алымлардан, соның ишинде, Имадуддин Умар Заранжарий, Нуриддин Аҳмад Сабуний Бухарий, Фаҳруддин Қазиҳан ҳәм басқалардан тафсир, ҳәдис илимлерин үйренген. Ол 642/1244 жылда Бухарада дүньядан өткен.

Кердер аты менен дөретиушилик еткен алымлардың және бири – Муҳаммад ибн Муҳаммад ибн Шиҳаб ибн Юсуф ибн Умар ибн Аҳмад Кердерий Баззазий ҳанафий мазҳабының ири хуқықтаныўшы алымларынан болып, ол инсан 729-816/1329-1413-жылларда жасаған. Оның «Баззазий» – (Баззаз (араб.) – гезлеме сатыўшы, гезлемеши мәнисин аңлатады) деп аталыўына қарағанда, гезлеме саудасы менен шуғылланған. Алым дәслепки билимин атасы Насируддин Кердерийден алып, кейинги уақытта басқа устазларынан билимин және де тереңлестирген. Атасының толық аты Муҳаммад ибн Шиҳаб ибн Юсуф ибн Умар ибн Аҳмад Насируддин Кердерий. Ол логика илимлеринен жақсы билген ҳәм сол илимлерден сабақ берген.

Муҳаммад Кердерий илим үйрениў ушын Самарқанд, Бухара, Булғария, Қырым ҳәм Түркияда болған, ҳаж сапарында Меккеге барған. Муҳаммад Кердерий бир неше шығармалар дөреткен.

Муҳаммад Кердерийдиң шәкиртлери көп болған. Алымның Қырымдағы шәкиртлеринен Мухиддин Муҳаммад ибн Сулайман Кафижий, Аҳмад ибн Фазл Хажитарханий, Аҳмад ибн Муҳаммад ибн Арабшаҳ, Аҳмад ибн Абдуллаҳ Қыримий, Шарафуддин ибн Камал Қырымийлар сөз етилген. Буннан Муҳаммад Кардарий Қырым қаласында бир неше жыл жасап дөретиушилик еткенин билиў мүмкин. Муҳаммад Кардарийдиң шәкиртлери ҳанафий мазҳабы бойынша жетик ҳуқықтаныўшылар болып жетисип, усы мазҳабтың рауажланыўына үлкен үлес қосады.

Сондай-ақ, Абу Зайд Абдураҳман Ибн әл Кердерий, Абу Юсуф Абдусалам Ибн Муҳаммад Кердерий, Ҳайдар Ибн Аҳмад Ибн

Ҳайдар Қадирий Кердерий Хоразмий, Сулайман Кердерийлердиң атлары дереклерде ушырасады. Бул алымлардың турмыс-хызметлерин үйрениў келешек уазыйпалардын бири есапланады.

Усы дәуирде Кердер — экономикалық, илимий-мәдений жақтан раўажланган қала болған. Кердер қаласы XII-XV әсирлерде илим орайларының бири сыпатында танылған деп айта аламыз. Кердерден көплеп жетик алымлар жетисип шыққан. Олар қалдырған бай илимий мийрасты үйрениў, халкымызды, әсиресе, жас әўладты руўхый бай инсан етип тәрбиялаўда үлкен әхмийетке ийе.

Жоқарыда атлары айтылған, өмир-жоллары үйренип шығылған кердерлик алымлардың дөретпелери бири-бирин толтырып өз дәўириниң тарийхын пайда етеди. Соның ушын да, тарийхымызға тийисли мәмлекет баскарыўы, социаллык, сиясий, экономикалық жағдай, мәдений турмыс ҳаққындағы қымбатлы мағлыўматларды алыўда қунлы дерек есапланады.[1]

Филология илимлеринин докторы Ш.Н.Абдиназимов та усы дәуир жазба мийрасларына әхмийет бере отырып «Нехжул-Ферадис» естелиги XIV әсирде жазылған Алтын Орда Хорезм естеликлериниң бири деп көрсетеди. «Нехжул-Ферадис» сөзинин мәниси «Бейишке баратуғын жол» дегенди билдиреди. Мазмуны жағынан диний дидактикалық, жанры жағынан прозалық дөретпе. Қурылысы жағынан төрт баптан ибарат ҳәр бир бап оң еки бөлимнен турады.

Бул естелик туўралы ен дәслеп 1885-жылы татар илимпазы Шиҳаб-ад-диң Марджаний мағлыўмат береди. Ҳәзирге шекем бул естеликтиң көширме нусқалары табылған. Түп нуска сақланбаған. Ҳәзирги дәуирде Стамбул каласындағы Сулаймания китапханасының «Енги жами» мешити қапталында бул естеликтиң ең ески қол жазба нусқасы №879 шифры менен сақланады. Бул естелик 1926 жылы А.З.Валиди тәрепинен табылған ҳәм онын бул естелик тууралы «Хорезмде жазылған түркий тилдеги шығарма» деген макаласы жәрияланған.

«Нехжул-Ферадис» тиң Қырым нусқасын изертлеген Я.Кемаль да оның авторы Хорезмдеги Курдер қаласынан шыкканың, бул қала сол ўакытлары илим-билим орайы болғанын, бул жерден көплеген илимпазлар ҳәм уламалар шыққанлығын айтады. Бул пикирди

---

[1] **Жураев Ў.** Тошкент ислом университети илмий-таҳлилий ахборотининг 2014 йил 1-сони

А.З.Валиди де қоллап қууатлайды. Белгили түрк илимпазы Фуадбей Куприлизаде өзиниң «Шағатай әдебияты» мийнетинде «Нехжул-Ферадис» тин авторы Хорезмдеги Курдер қаласынан шыққан, бирақ өзиниң мийнетлерин Сарай қаласында дөреткен — деп көрсетеди. Бул естелик бойынша изертлеў жүргизген Әмир Наджип «Қазақлар-дын киши жүзиниң курамында кердер урыўының сақланғанын, жоқарыдағы қатарлар автордың яғный Махмуд-бин-Алидиң кердери урыуынан екенлигин көрсетиўи де мүмкин», — деп жазады.

«Нехжул-Ферадис» естелиги туўралы илимпазлардың билдирген пикирлери бул естелик Қарақалпақстандағы Кердер қаласынан шыққан Махмуд бин Али деген автор тәрепинен жазылған болыуы керек — деп болжаў жасаўға тийкар болады. Себеби бул шығарма дөретилген XIV әсирлерде Кердер мәденияты күшли раўажланған.[1]

Шығыс ислам дүньясында белгили исмлердиң қатарына Әбиў Бәкир Аш Шиблий жатады. Академик Е. А. Бертельстин анықлаўынша Шиблий 861-945-жыллары өмир сүрген. Швейцариялы шығыстаныўшы алым Адам Мец Шиблийди 912-жылларда Бағдат қаласындағы белгили үш шайықтың бири, сондай-ақ, ол хәм онын әкеси Бағдат халифлери алдында белгили алым ретинде тилге алынатуғынын жазады. Ен баслысы ол өз дәўириндеги суфизмнин ири ўәкили болған. Аш Шиблий суфизм тәлийматын тарқатыў мақсетинде саўда жолы арқалы X әсирдин биринши ярымында Кубла Арал бойларына келген.

Шиблий ата қойымшылығы Кегейли районы «Дәрўаза қум» фермер хожалығы сорамында орналасқан. Қойымшылық қапталында Куўанышжармадан өткел болған. Аныз дереклерде усы өткелдин дарғашысы Ғайып ата күнлердин биринде суу астында жатырған адамды көреди ҳәм оны суўдан шығарып алады. Суўға мантығып өлим халатында жатырған адам Ғайып дарғаға: «Кудайдын дийдарына ашық болып, өзимниң тиришилигимди жойып, оның жолына атланған Әбиў Бәкир Шиблий деген адам едим. Бул исиме сиз арааластыныз, Кудайдың буйрығы солай шығар. Мени усы жерге жерлен. Зыяратқа келгенлер дәслеп сизди зыяратласын, оннан

[1] Абдиназимов Ш.Н. «Нехжул-Ферадис» естелиги хәм кердер топонимии// Тезисы Республиканской научно-практической конференции «Наука Каракалпакстана: вчера, сегодня, завтра», посвященной 50-летию Каракалпакского отделения Академии наук Республики Узбекистан. Н.2009. 93-94-бб.

кейин мениң қәбиримди зыяратласын» - дейди. Уақыттың өтиўи менен Ғайып дарғашы да әлемнен өтип, атаның қәбири қасына жерленеди. Мине, сол айтылған уәсиятқа ылайық, қойымшылыққа келген зыяратшылар, дәслеп Ғайып ата қәбирин, соң Шиблий ата қәбирин зыяратлайды.

«Дәруаза қум» фермер хожалығы басшыларынын интасы ҳәм жергиликли халықтың қоллап-қуўатлаўы менен 1992-жылы Шиблий ата қәбири үстине, ал 1993-жылы оның күн шығыс қапталында жерленген Ғайып ата қәбири үстинде мақбаралар тикленди.

Жазба дереклерде, Қубла Арал бойында, орта әсирлерде өткен белгили шайық-әулийелер қатарында Сулайман Хаддадийдиң болғанлығы мәлим. Мәселен, XIV әсирлердеги Гурганж ҳәкими Қутлық Темурдың 1349-жылы жазылған ўақымасында төмендеги-лерди көремиз. Ол, «паиғамбар әўлады, сейит, шайхлар шайхы Сулайман Хаддадий Мусевийге иззет ҳәм ҳүрмет ретинде белгили әўлийе Миздахқан төбелигинде ақ ханақа салдырған. Миздахқаннан Бағдатқа шекемги жерлерди Тули-Ятканды ҳәм тағы да үш каналды шайхтың атына ўақым жер етип берген. Өзиниң шайхқа деген берилгенлигин ҳәм садықлығын тастыйықлаў мақсетинде Қутлық Темур жоқарыдағыларға қосымша Хийўадағы Вари ауылын-да үлкен ханака салдырады ҳәм оның дөгерегиндеги жерлерди уақым жер етип қосып береди. Бул ҳаққында Гурганж ҳәкиминин жарлығы рамазан айының екинши сәнесинде 1349-жылы дүзилген».

Бул ўақым жерлер ҳаққында Қутлық Темур дәўиринде дүзилген ҳүжжетлердиң XVII әсирдиң орталарында тағы гәп болғанын тарийхый дереклерден белгили. Хижраның 1070 (1659-1660) жылы Сулайман Хаддадийдиң әўладларының бири, сол ўақыттағы патша Абулғазы Бахадурханнан уақым жерлерди қайтарып алыў ҳаққында талап еткен.

XIII-XIV әсирге тийисли Елликқала районы сорамында халық арасында белгили Нарынжан атлы ески қала ҳәм қойымшылық жайласқан. Узақ ўақытлар даўамында еспе қумның астында қалып келген естеликтиң белгили бөлеклери археолог алымлар тәрепинен изертленип, оның VII-VIII, X-XI ҳәм XIII-XIV әсирлерге тийисли қала екенлиги аныкланылды. Сондай-ақ, қаланың қапталындағы қойымшылықта Нарынжан баба атлы комплекс ҳәм ески қудық ашылды. Нарынжан баба комплексине XIII-XIV әсирлерде тикленген мақбара, зыяратхана, ханақа, мешит, асхана сыяқлы бир қанша жай

қыйлы қурылыслар киреди. Мақбара ишиндеги қәбир үстине орнатылған сағана хәр қыйлы нағыслар менен ойылған, тас плиталар менен қапланып, оның батыс капталындағы дийуалында төмендеги қатарлар жазылған: «Бул мақбара қуда жолына мәңги ораза, шайық, имам, қуда алдында тәзим қылатуғын ҳәм жерде оның караматын пайда етиўши, белгили Мухаммед Ибн Муўса Ибн Дауд Әбиў Абдаллах ан Нарынжанийдики». Оған ҳәм оның references of its friends - wait: дослары менен жақынлары үстине Алланың нуры жауғай, ҳижраның жети жүз он екинши сәнеси». Демек 1312-жылы Абдулла Нарынжаний әлемнен әтип, оған қулпы тас орнатылса, ол XIII әсирдиң екинши ярымында жасаған өз дәуириниң белгили улама адамы болғанлығын көремиз.

XV әсирдиң ақыры XVI-әсирдиң басында жасаған белгили тарийхшылардың бири өтемис Ҳажы болып есапланады. Өтемис Хажы хаққындағы ең дәслепки мағлыумат белгили рус шығыс изертлеўшиси Б.П.Юдин тәрепинен берилген. Ол тапқан Өтемис Ҳажының «Шыңғыснама» тарийхый шығармасының қол жазбасы, XIII-XVI әсирдеги Арал бойлары халықларының тарийхын изертлеўде уллы ғәзийне болып есапланады.

Өтемис Ҳажы XV әсирдиң ақыры XVI-әсирдиң басында Жаңадәрья бойында пайда болған. Өтемис өзиниң қайсы миллеттиң адамы екени ҳаққында да толық мағлыўматлар бермейди. Ол өзин: «Мен Қытай, Қыпшаклар арасынан шыққан тәлиб-илим ийесимен» дейди. Қытай, Қыпшақ қәўим атамалары қарақалпақ, қазақ хәм өзбеқлер арасында да бар. Бул бойынша изертлеў жумысын жүргизген белгили әдебиятшы алым К.Мәмбетов, Өтемис Ҳажының бул мийнетин XV-XVI әсирдеги қарақалпақлар тарийхы ушын да ең характерли ҳүжжет деп есаплайды.

Әл Кердерий, Өтемис Ҳажы ҳәм тағы басқа да данышпанларымыздың мийраслары қарақалпақ әдебияты ҳәм мәденияты, руўхый ағартыўшылықта, тәлим тәрбия тарийхында өз орнын табыўы тийис.

Усындай естеликлердиң бири Шымбайдағы Хан мешиттиң ишинен табылған XV әсирге тийисли 48 куплеттен ибарат парсы тилинде жазылған мрамор плитасы болып есапланады. Ол туўралы илимпазларда еки көзқарас бар, бири Алланазар ахун Қосназаровтың тас плитадағы жазыуларды оқыуы бойынша ҳижраның 813 жылы, биздиң жыл есабымызда 1410-1411-жылларға, яғный XV әсирге туўра

келеди, ал Ташкент Шығыстаныу институтының илимпазлары жазыуды XVIII әсирге тийисли деп көрсетеди.[1]

Усы дәўирдеги Шымбай қаласының қонсы аймақлар менен, соның ишинде Хийуа қаласы менен болған саyда байланыслары нәтийжесинде Шымбай қаласы каракалпақлардың арқа районларда жасаўшы халықлары арасында сауатлылықты тарқатыушы орайға айланды. Соның менен бирге мәдений турмыстың басқа да тарауларының рауажланыуына өзиниң тәсирин тийгизди. Шымбайлы билимге қызыққан жаслар Хийуа медреселеринде билим алып, қайтып келгеннен кейин жасларды оқытыў менен шуғылланған. Улыума усы қалалар арасындағы саyда-мәдений байланыслар ханлықта жасаўшы халықлардың турмысында әҳмийетли орын ийелейди.

Президентимиздиң атап өткениндей, Биз келешекте елимиз ҳәм шет еллердеги тийисли жетекши университетлер, илимий ҳәм изертлеу орайлары арасында ҳәр тәреплеме бирге ислесиў беккемленип барыўынан мәпдармыз... Илимпаз ҳәм қәнигелердиң бирге ислесиуи өнип-өсип киятырған жас әўлад, студент ҳәм жаслардың өз-ара байланыслары ушын, олар дүньяның қайсы жеринде жасаўы, оқыуы ямаса мийнет етиўине қарамастан, кең жол ашып беретуғыны менен әҳмийетли.

---

[1] **Есбергенов Х.** Шахтемир — предшесттвенник города Чимбая.// Тезисы Докладов научно-практической конференции «Шахтемир - Чимбай». Н. 1999 22-б.

## ЖУЎМАҚЛАЎ

Ояныў дәуири мәденияты үлкемиз халықларының мәденияты тарийхында үлкен әҳмийетке ийе. Бул дәўирде үлкемиз арқалы өткен «Уллы Жипек жолы»ның әҳмийети айырықша. Усы жол арқалы үлкемиз қоңсы аймақлар менен байланысыў менен бирге, олардың мәденияты, экономикасы, хожалық жүргизиўдиң алдыңғы тәжирийбелери менен танысыўға еристи. Бундай байланыслар тек сол дәўирде ғана емес, ал кейинги дәўирлерде даўам етип халқымыздың турмысының раўажланыўына өзиниң тәсирин тийгизди. Усындай өз-ара байланыслар арқалы халықтың ой-өрисиниң ҳәр тәреплеме кеңейип барыўында үлкен әҳмийетке ийе болыў менен бирге саўда хызметиниң арқасында халқымыздың дүнья танымы өсип, үлкемизде хожалық жүргизиўдиң жаңа формалары пайда бола баслаған. Халқымыз арасынан белгили, өзиниң иси менен танылған инсанлар, исбилерменлер қатары көбейеди. Олардың арасында Беруний, Кердерий, Өтемис ҳажы сыяқлы илим ҳәм билимлендириўде орны бар инсанлар, Султан Уайс баба, Аддулла Нарынжаний, Шиблый ата, Сулайман Бақырғаний сыяқлы ислам дининин ири ўәкиллериниң үлкемиз аймағында болыўы үлкен мақтаныш болыў менен бирге, өсип киятырған келешек әўлад тәрбиясында орны үлкен. Олардың өмир жолы ҳәм қалдырған мийраслары үлкемизде тынышлық ҳәм турақлылықты саклаўда, илим ҳәм мәденияттың раўажланыўының гиреўи болып хызмет етери сөзсиз. Соның менен бирге усындай уллы бабаларымыздың рухый мәртлиги — келешек әўлад ушын тәрбия ҳәм ибрат дереги болып есапланады. Халқымыздың бай мийраслары халықтың раўажланыў жолының айқын көриниси болыўы менен бирге келешек әўладтың руухый жақтан өсип жетилисиўинде күшли тәсир жасайды. Нәтийжеде усы аймақта жасап өткен данышпанлар, улыўма адамзат турмысында өзине тән из қалдырған айырықша инсанлары болып есапланады. Себеби, олардың илимниң ҳәр қыйлы шығармаларында, данышпанлығы менен тәрбиялық пикирлери хаққында жазып қалдырған мийраслары халкымыздың турмысын үйрениўде баҳалы дерек болып хызмет етип келмекте. Олардың қалдырған

мийраслары тек ғана халқымыздың емес, ал дүньяның бир неше халықларының тилинде китап болып шығып, сол халықтын илимпазларынын изертлеулеринде унамлы баха алыўларға ериспекте. Олардың үйренип барыў, оны үгит-нәсиятлау үлкен әҳмийетке ийе.

Ҳәзирги күнде де мәмлекетлер арасындағы экономикалық байланыслар дүнья халықларының өз-ара мүнәсибетлерин раўажландырыўда үлкен әҳмийетке ийе. Әййемги ҳәм орта әсирлерде үлкемиз арқалы өткен саўда жоллары мәдений байланыслар жолы сыпатында да белгили болған. Саўда жоллары бойында жайласқан қалалар, кәрўан сарайлар үйренилип атырған дәўирдиң мәдений орайлары сыпатында танылған. Усы жол қатнасларын үйрениў арқалы Қубла Арал бойлары әййемги ҳәм орта әсирлерде экономикалық ҳәм мәдений байланыслар орайларынын биринде жайласқанлығын көрсетип бермекте. Соның менен бирге үлкемиз арқалы өткен жоллар, жол бойындағы жайласқан кала ҳәм аўыллар, хызмет көрсетиўши қурылыслар, саўда ҳәм өнерментшилик, сол дәуирдеги халқымыздың социаллық-экономикалық ҳәм мәдений турмысын үйрениуде баҳалы мағлыўмат болып есапланады. Улыўма алғанда усы дәўирдеги жолларды ҳәм усы арқалы болған байланысларды үйрениў үлкемиз тарийхында әҳмийетли орын туткан тарийхый-мәдений процесслерди анықластырыўда, үлкемиздин жәҳән цивилизациясы раўажланыўында өзине тән орнын көрсетип бериўге хызмет қылады. Келешекте бул бағдарда алып барылатуғын тарийхый-археологиялық илимий изертлеўлер үлкемиздин түрли дәўирлеринде саўда жоллары, олардын ишки ҳәм сыртқы экономикалық-мәдений байланыслардағы әҳмийетин ашып бериўге хызмет етеди.

Әлбетте булардың барлығы тарийхымызды терең билиў менен бирге, келешек әўладты ғәрезсиз елимиздиң раўажланыўын беккемлеў жолында тәрбиялаўға хызмет етеди.

## Пайдаланған әдебиятлар

1. Каримов И. Узбекистон эришган ютуқ ва марралар – биз танлаган ислоҳотлар йулининг тасдиғидир. Т. 2014, 22-жилд
2. Каримов И. Ўзбек халқига тинчлик ва омонлик керак. – Т. 2013.
3. Каримов И. Она юртимиз бахту иқболи ва буюк келажаги йўлида хизмат килиш – энг олий саодатдир. Т. 2015.
4. Әлеуов Ө. Қарақалпақстанда тәлим-тәрбиялық ойлардын қәлиплесиуи ҳәм рауажланыуы. Н. 1993
5. Абу Райхан Беруний. Танламалы шығармалары. 1-том, Т. 1968
6. Базарбаев Ж. Руухыятымыз маржанлары ямаса үлгили ел үлкенин, көрегенли ел өткенин қәстерлейди. Н. 2008
7. Байниязов К. Ҳәким ата – Сулайман Бақырғаний бизин уллы жерлесимиз. Н. 1997
8. Бекбаулов О. Беруний. Н. 1977
9. Әбдикамалов Б. Әл-Берунийдиң өмири ҳәм мийнетлери. Н. 1998
10. Есбергенов Х. Қоңырат: тарийхый ҳәм мәдений естеликлер Н. 1993
11. Есбергенов Х. Шахтемир – предшественник города Чимбая.// Тезисы Докладов научно-теоритической конференции «Шаҳтемир-Чимбай». Н. 1995.
12. Есбергенов Х.Е. Ҳәким ата// «Сулайман Бакырғаний ҳәм онын дәўири» Республикалық ИТК материаллары. Н. 2002
13. Иброҳимов Н. Ибн Баттута ва унинг Урта Осиёга саёҳати. Т. 1993
14. Камалов Қ., Юсупов О.Ж. Қаракалпак халқынын руўхый шартыўшылығы ҳәм әдебиятында Әл Кердери мийрасы ҳәм орны.// «Қарақалпақстан жаслары». 8-апрель, 1999-жыл
15. Камалов С. Қарақалпақлардың халық болып қәлиплесиўи ҳәм онын мәмлекетлигинин тарийхынан. Н. 2001
16. Камалов С.К. Сулайман Бақырғаний ҳәм онын дәўири// «Сулайман Бақырғаний ҳәм оның дәуири» Республикалық илимий-теориялык конференция материаллары. Нөкис–Қоңырат. 2002
17. Қарақалпақстанның жаңа тарийхы. Н. 2003.
18. Карлыбаев М. Медресе в Каракалпакии XIX - начала XX веков. Н. 2002
19. Карлыбаев М. Мечети и медресе города Чимбая и его окрестностей// Тезисы докладов научно-практической конференции «Шахтемир – Чимбай», Н. 1995

20.Кудияров А. Ҳәким ата дәуириндеги Шымбай тарийхынан.// «Сулайман Бақырғаний ҳәм онын дәўири» республикалық ИТК материаллары. Нөкис-Қоңырат. 2002

21. Қудияров А., Раматуллаев М. Қарақалпақстанда китапханалар тарийхынан. Н. 2013

22. Қудияров А.Р. Өзбекстанда саўда қатнасықлары ҳәм исбилерменлик тарийхы. Н. 2010

23. Қыдырниязов М-Ш. Алтын Орда дәўириндеги түслик Арал бойы мәдениятпы. Н. 1993

24. Мавлонов Ў. Марказий Осиёнинг қадимги йўллари. Т. 2008

25. Мавлонов У., Маҳкамов Д. Маданий алоқалар ва савдо йўллари. Т. 2004

26. Мамбетуллаев М., Туребеқов М., Юсупов О. Қарақалпақстан тарийхы. Н. 2010

27. Манылов Ю.П. Археологические исследования караван-сараев центрального Устюрта// Археология Приаралья, Выпуск 1, Т. 1982

28. Манылов Ю.П., Юсупов Н.Ю. О пути Дженкинсона через плато Устюрт в Ургенч и Бухару в 1558 году// Археология Приаралья выпуск 6. Н. 2003

29. Машарипов О. Хоразм тарихидан саҳифалар. Т. 1994

30. Маънавият юлдузлари. Т. 2001.

31. Мәмбетов К. Шығыс әдебияты тарийхы. Н. 1993

32. Өзбекистан ҳәм Қарақалпакстан халықлары тарийхы бойынша дереклер. Н. 1995

33. Садуллаев А., Сотлиқов А. Хоразм Маъмун Академиясининг тарихий илдизлари. Урганч. 2003

34. Сейтимбетов М. Тарийх – өзлигимизди аңлаўдың негизи. Н. 1999

35. Тилеўмуратов М. Беруҳийдиң тарийхый мийраслары. Н. 1973

36. Толстов С.П. По следам древнехорезмийской цивилизации, М-Л, 1948

37. Хайруллаев М.М. Ўрта Осиёда илк уйғониш даври маданияти. Т. 1994

38. Хожаниязов Ғ. Тахтакөпир ғәзийнеси// Арал қызлары №1-2. 2003

39. Хожаниязов Ғ., Оразымбетов Ж. Назархан. Н. 2006

40. Хожаниязов Ғ., Ҳәкимниязов Ж. Қаракалпақстанның әжайып жети естелиги. Н. 2004

41. Хожаниязов Ғ., Юсупов О. Қарақалпақстандағы мукаддес орынлар. Н. 1994

42. Шамуродов Ж. Ҳаким ота – хожа Сулаймон Бокирғоний. Н. 2002

43. Якубов М., Абаев С. «Авесто» - улыўма инсаный кәдирият. Н. 2008

# МАЗМУНЫ

Кирисиў ........................................................................................ 3

**1-бап. Қубла Арал бойлары ояныў дәуиринде**

1. Илим ҳәм мәдениияттың раўажланыуында Уллы Жипек жолынын әҳмийети ........................................................................ 7
1. 2 . Тынышлық ҳәм тураклылық илим ҳәм мәдениияттың раўажланыўының гиреўи ........................................................ 20
1. 3. Уллы бабаларымыздын руухый мәртлиги — келешек әўлад ушын тәрбия ҳәм ибрат дереги .............................................. 30

**2-бап. Қубла Арал бойы данышпанларынын дүньялық илим ҳәм мәдениияттың рауажланыўына қосқан үлеслери**

2.1. Берунийдиң өмири ҳәм мийнетлери .............................................. 37
Әл Беруний дүнья алымлары нәзеринде ........................................ 53
2.2. Ҳәким ата — Сулайман Бақырғаний бизин уллы жерлесимиз ... 56
2.3. Кердерий ҳәм баска да инсанлардың ояныў дәуириндеги орны ................................................................................ 61
Жуўмақлаў ........................................................................................ 71
Пайдаланған әдебиятлар ................................................................. 73

**А. Кудияров, А. Матжанов**

# ҚУБЛА АРАЛ БОЙЛАРЫ ОЯНЫЎ ДӘЎИРИНДЕ

**Нөкис—«Билим»—2016**

Редактор *З. Өсербаева*
Көрк. ред *И. Сержанов*
Тех. редактор *З. Алламуратов*
Оператор *Н. Қайпбергенова*

**Лицензия: AI № 108, берилген уақты 2008-жыл 15-июль.**

Оригинал-макеттен басыўға руқсат етилген уақты 24.03. 2016-ж.
Қағаз форматы 60х84 1/16. Офсет усылында басылды. Гарнитурасы «Times KRKP». Көлеми 4,75 б.т. 4,42 шәртли б.т. 4,45 есап б.т.
Жәми 500 нусқада. Баҳасы шәртнама бойынша.

«Билим» баспасы. 230103, Нөкис қаласы,
Қарақалпақстан көшеси, 9.

**Электрон мәнзил:** bilim.baspa.@bk.ru

«FARMA PRINT NUKUS» ЖШЖ типографиясында басып шығарылды.
Мәнзили: Нөкис қаласы, А.Досназаров көшеси, 18-жай.
Буйыртпа № В-04.